ЖОЛМУРЗА АЙМУРЗАЕВ



# УЛЫМ, ТЫҢЛА!

*Қосықлар ҳәм поэмалар*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1996

www.ziyouz.com kutubxonasi

КАР2
А—39

Аймурзаев Ж.
Улым, тыңла: *Қосықлар ҳәм поэмалар*..
—Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 88-бет

Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебияты редакциясы

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты Ж. Аймурзаевтың бул топламына бурын баспа сөзде жәрияланған шығармаларының ең сайландылары, сондай-ақ бир қатар жаңа қосықлары енгизилип отыр.

Топлам шайырдың туўылғанына сексен бес жыл толыў юбилейи мүнәсибетине шығарылып отыр.

А $\frac{4702270202-299}{М-357(04)-95}$ 22—96

ISBN—5—8272—1645—3

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1996.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЫМ, ТЫҢЛА!

Улым, тыңла! Жүрмен майдан ишинде,
Ийнимде бар жарқыраған жаў-жарақ,
Егер жаўды жексен етип бармасам,
Сен есапла-оннан өлим жақсырақ.

Улым, тыңла! Бабалардың сөзи бар,
Мәканыңа кирген жаўды айдап шық,
Жаўлар ушын ҳасла мийрим болмасын,
Көзлерин ой, жүрегине найза тық.

Улым, тыңла! Бул—жеңиске жоллама,
Жүрегимде ыза, кеги қайнаған,
Мен билемен жерди басып жатыр жаў,
Қанға қумар қасқыр, қанға тоймаған.

Улым, тыңла! Қасқыр-қозы душпаны,
Сен—қозымсаң, сениң ушын мен қорған,
Ўатанымнан қуўмақ ушын душпанды,
Керекли жеринде боламан қурбан.

Улым, тыңла! Көктен жаўар қорғасын,
Қылышлардан сел-сел болып ағар қан,
Халқым ушын, бахтым ушын, сен ушын,
Пидә болсын жан әкеңнен шийрин жан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Улым, тыңла! Жаўды жеңип бараман,
Сел-сел болып қан ақсада қойнымнан,
Қара көзим, перзентим деп сүйгенде,
Еркелерсең, қушақларсаң мойнымнан.

## СУЛЫЎ

Жаздың күни жайнаған,
Жарқыраған күн сулыў,
Жипек жели жылжыған,
Алтын айлы түн сулыў.

Қулпы дөнген көк пенен,
Өнимге бай жер сулыў.
Ғаңғылдасқан ғазлары,
Балығы мол көл сулыў.

Толқын тайдай туўлаған,
Әмиўден шыққан пуў сулыў.
Дүзилген жаңа каналдан,
Толқынлап аққан суў сулыў.

Мийнеттен мийўе өндирген,
Маңлайдан аққан тер сулыў.
Билимли, ақыл күши бар,
Ҳарымас, талмас ер сулыў.

Ғайратқа, күшке қарасқан,
Қайтпайтуғын бел сулыў.
Азатлықтың ўатаны,
Бахытлы бизиң ел сулыў,

Жеңислердиң нышаны,
Желбиреген туў сулыў,



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫСТЫҢ СҮЎРЕТИ

Қылышын сүйреген қәҳәрли қыс бар,
Нар түйедей жерге шөккен ақша қар,
Сықырлап жән-жаққа еткендей хабар,
Декабрьде кирер қыстың келбети.

Жарпақ-жарпақ қар жаўдырып талланып,
Үргин үрип, дүбелей даўыл долланып,
Шағалдай шуўласып, үргин қолланып,
Қара боран, қара даўыл әдети!

Қақаман суўықтан суў қалар музлап,
Суўық самал есер бет-аўзын сызлап,
Ошақта гүлханың жалынлап ғыжлап,
Өзине ылайық қыстың сүўрети.

*1990-жыл,*

* * *

Қәҳәрли ғәзеп қайнады,
Жаў қысым етип жаныма;
Ўатаным өмир қаймағы,
Қорғайман қосып жаныма.

Мыйығын тартып ул-қызым,
Әўилдеп анаў сол жақтан,
Өшпесин бахыт жулдызым,
Бүгиннен баслап солдатпан!

*1947-жыл,*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ФРОНТТАН ХАТ

Сәлем сизге бахытлы ел,
Батыр туўған Қарақалпақ,
Перзентиңмен—фронттаман,
Биз жеңемиз исимиз ҳақ!

Сәлем сизге ата-ана,
Сәлем сизге сәўер ярым,
Сәлем сизге ул-қызларым,
Сәлем сизге мәдеткәрим!

Мен фронтқа барған күни,
Қан майданда қызды саўаш,
Жылдырымдай жалт-жулт етип,
Оқтың оты күйдирди шаш.

Белде қарыў, қолда қурал,
Сизлерсиз—бизге қорған,
Сизлер ушын, бахыт ушын,
Мен ырзаман болсам қурбан!

Жаўды жексен етемиз биз,
Жасайсаң сен ана—Ўатан!
Мақсетлерге жетемиз биз,
Азат болар пүткил жаҳан!

*1941-жыл*

## ҚОСЫЛЫП ЖАЎДЫ ҚУРТАЙЫҚ

Жаз күни жумсақ жупардай,
Түрли түс таўдың етеги,
Қара тас, ақ тас аралас,
Қуяштан жалт-жулт етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төбеси таўдың түнерип,
Жамылған яцлы қара булт,
Етеги ески дийўаллық,
Әййемнен қалған ески журт.

Отары отлақ көк шалғын,
Жарасқан жасыл-жаны бар,
Ешки-қой бәри аралас,
Жайылып жүрген жәниўар..!

Жүрегин жердиң қармалап,
Жайылып жүрген маллар тоқ,
Қабағы қалыққан ашлықтан,
Шопанның тислем наны жоқ.

Шопанның шөлде шырлаўы,
Езилип, еңиреп ел шөккен,
Сыбызғы шертип шоқатта,
Көзинен мөлдир жас төккен.

Жылама мен де шопанман.
Гүресте бүгин жаўынгер,
Қосылып жаўды қурғайық!
Көтерил!
Қозғал!
Қолың бер!

## УРЫС ПИТТИ

Урыс питти.
Қара таўлар қулады.
Ойран болды,
Фашизмниң ордасы,
Парахатшылық.
Мәңги жасап турады.
Жеңислердиң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайнап турған жолдасы.
Дүнья халкы,
Дослық пенен өмир сүр,
Ҳеш болмасын,
Бул урыстың жалғасы!

## ТОҚЫЛДАҚ

Еситилди бир даўыс,
Тоғайға кирсем тоқылдап,
Торанғылды тесип тур,
Сүйир тумсық тоқылдақ.

Үңилип бирден қарасам,
Тумсығы екен қашаўдай,
Теректи тесип жатырған,
Үлкен қурт екен „қашардай".

Жеги қурт тесип теректи,
Жаўыздай жеп атырған,
Теректиң қуртып димарын,
„Қанларын" сорып атырған.

Қайманда жеги курт болса,
Басында балта тоқылдат.
Жатып ишер жаманға
Тумсықты ур тоқылдақ!

## ЎАТАН ЫШҚЫ

Мен сени сүйемен жан менен тәннен,
Мен сенсиз жасаўым мүмкин емести.
Өзимде өмир жоқ айрылсам сеннен,
Сенсиз кең дүньяда маған қәпести.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенсиз—бул дүньяда гүллерим солар,
Сенсиз—бул дүньяда жасарыў болмас.
Сенсиз—бул дүньяда жоқты ықырар,
Сенсиз—бул дүньяда кеўилим толмас.

Сенсиз—кең дүньяда маған болар тар,
Қайғы пәнжесинде қысылар жүрек,
Ығбал қашар, жулдыз болып ағылар,
Сенсиз бул дүньяда жоқ екен тирек.

Сенсиз әтирапымда шағалдай шуўлар,
Қара түн, қайғы зар тынбастан ҳасла.
Шуғыллар сөзинен қулақлар шыңлар,
Басың урылғандай мийтиндей тасқа.

Сен менен өмирим бахытлы мәңги,
Сениң қушағыңда мәртпен, адамман.
Ақыл-ҳуўш, қарыў-күш сынбастай зәңги,
Мен сени сүйемен Анажан-Ўатан!

## ОРАЙЫМ АЛТЫН БОСТАНЫМ

Жаңарған ел, жасарған ел, жайлы ел,
Сулыўланған салтанатлы сайлы ел,
Бабалардың басқан изи гүл болып,
Дәўиримизден дәрман кирген пайлы ел.

Қушақты кеңнен ашамыз,
Келиңиз бирге досларым,
Жолыңа нурлар шашамыз,
Орайым алтын бостаным.

Әсирлерше шөллеп жатқан шөлистан,
Еллер келди, ерлер келди тум-тустан,
Шалғын егис, ақ алтынлар ырғалды,
Жаңа мәкан бағлар дөнди гүлистан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қушақты кеңнен ашамыз,
Келиңиз бизге досларым,
Жолыңа нурлар шашамыз,
Орайым алтын бостаным.

Естелигин көрер болсаң бабамның,
Сулыўлығын көрер болсаң даламның,
Азаматлар, ақ билекли арыўлар,
Миймап күтер қәдирданы қаламның.

Қушақты кеңнен ашамыз,
Келиңиз бизге досларым,
Жолыңа нурлар шашамыз,
Орайым алтын бостаным.

*10-октябрь 1985-жыл.*

* * *

Туўған елдиң бәҳәр, жазы, гүзин көр,
Мен елимниң пасылына ашықпан!
Бағында ырғалар алма, жүзимлер,
Диййанымның ҳасылына ашықпан.

Тыңнан ашылған жер бүгин лалазар,
Онда әлўан-әлўан жаңа қала бар,
Миййнет майданында жигитлер, қызлар,
Мен олардың өмирине ашықпан.

Қай мәканды көрсең бәри абадан,
Ҳәр күнди улығлап атар нурлы таң,
Ҳәр бир күним әсирлерге татыған,
Шайдасыман, мен өмирге ашықпан.

*1984-жыл, Мақаш қала.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЙЛАЎДАҒЫ ҚЫС

Ақ тон кийип ақ мамықтай ай дала,
Өркеш-өркеш көринеди төбелер,
Қысқы көринис көркемленген айлана,
Қарды ғарш-ғарш басып келер түйелер.

Қырпық қарлар жабысқандай кирпикке,
Илинискен үпелектей көринер,
Тал шақасы аққа оранып тикке,
Деген яңлы мени келип көриңлер.

Жалпақ жердиң жотасында ақ мамық,
Ақ шатырдай узақларға жайылған,
Қуўрайлар қағылған бир ақ қазық,
Мына қыстың қудиретине қайылман.

Сексеўиллер жамылғандай ақ халат,
Қар жайлаған еспе қумның еңсесин,
Шопан жигит қой бағып жүр минип ат,
Қозылатса қайтарылар есеси.

Туў алыстан бийик-бийик төбелер,
Сағымланып турар салы гүдидей
Бир жолаўшы қамшы ойнатып атына,
Әлле қайда шаўып барар гидирмей

Шарўа елин жүргенимде аралап,
Тап усындай екен сулыў тәбият,
Жайлаўда ма, яки аўыл қалада,
Мийнет пенен бахытлы екен адамзат.

## ШАЙЫР АНТЫ

Түнерген түн, ашшы аяз, шуўлы сес,
Еңиреген ол, қара көзден төкти жас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саңыраў дала, сары уўайым қойнында,
Тастай түнек, адамды адам көре алмас.

Усы түнде тебиренип, толғанып,
Бир ана жүр әрўанадай адасқан,
Қара түнди қақ жарғандай қалшылдап,
Турмыс ушын өлим менен таласқан.

Ериксизден дүзде туўған сол ана,
Анам еди аймалаған жүзимнен,
Сол анамнан жаслайымнан айырылып,
Журдай жетим болып өскен өзиммен.

Күнлер өтти, айлар өтти, жыл өтти,
Жайнады күн жаңа өмир жасарды,
Кеше—жетим, бүгин—шайыр, азамат,
Сизлер менен мине бүгин жасады.

Көз нурларым, ақыл-ҳуўшым бар күшим,
Дослық өмир, уллы бирлик, даңқ ушын,
Ар-намысым ант етемен досларым,
Бар өмирим инсан ушын, халық ушын!

## ҚАРАҚАЛПАҚПАН

Тарийхы бар ең әййемги сағадан,
Ҳешбир қалыспаған сезим-санадан,
Барлық халықтан өзин киши санаған,
Бели берк туўылған қарақалпақпан.

Дүньяға шыққалы нелер көрмеген,
Арғымақ ат минип, жорға сүрмеген,
Қан жутса да жаўға сырын бермеген,
Мәрт болып туўылған қарақалпақпан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир ушын билген достың керегин,
Достына аямай берген жүрегин,
Ашлықта да бөлип жеген шөрегин,
Озалдан дос сүйген қарақалпақпан.

Мийман келсе берген барлық жыйғанын,
Қайтарында берген қапқа сыйғанын,
Бәрҳама ойлаған адамның ғамын,
Доска дәрман үйген қарақалпақпан!

Бурынлары жүрген болса шөл гезип,
Ҳәзир мәкан басты үскене дүзип,
Зарлатқан жаманның тумсығын езип,
Жаўдан кегин алған қарақалпақпан!

Ҳадал мийнет етип аямай терди,
Пахта, салы егип, молайтып жерди,
Бахытқа бөлеген туўылған елди,
Жаңарып жасарған қарақалпақпан!

Ақыл-күшти киши жастан дөреткен,
Шөлистаннан—бағы бостан дөреткен,
Шайырлары жаңа дәстан дөреткен,
Бахыттан йош алған қарақалпақпан.

Журттан бурын алған тийисли шегин,
Жайлаўында маллар,—жеринде егин,
Халықлар менен мәңги қосқан жүрегин,
Халық пенен қуўанған қарақалпақпан.

Байлық өнген таў, тас қыры-ойынан,
Алтын өнген қушағынан, қойнынан,
Үлкен қурылыс қурған Түйемойыннан.
Қаҳарманлық қылған Қарақалпақпан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАНЫМ ҚУРБАН ТУЎЫСҚАН ҚАЗАҚ ЕЛИНЕ

Жәннет екен қулпы дөнген Алма-Ата,
Жаслығымда бунда неге келмедим!
Шығып едим көшесине күн бата,
Гүлден басқа ҳеш нәрсени көрмедим.

Гүл ишинде таң қусындай таранған,
Көзим түсти периштедей бир қызға,
Бул жанана жылўа менен доланған,
Ғарры қыял ушып кетти жулдызға.

Қызыл-ала гүл ишинде қыз-жигит,
Шады-қуррам шәўкилдескен жүреги,
Ғумша гүлди көгерткендей-ақ шигит,
Ән, күй, бийге араласады да жүреди.

Таўдан аққан мөлдир булақ суўына,
Ашық болып қумарың тарқамас,
Толқын көлде жүзген аппақ қуўына,
Сайран еткен үйрек-ғазлар алмабас.

Қайда барсаң барлық жери рәҳәт,
Мийриң қанар жанға жаққан көлине,
Тас үстине гүл өсирген адамзат,
Жаным қурбан туўған қазақ елине!

## МИРТЕМИРГЕ

„Шаштың ағарыўы кеўил ақлығы“,
Бул алтын сөзлериң өмир ғазнасы,
Қуўатың шыңлардың болса шоқлығы,
Қәлемиң—ой тыңын сүрер пазнасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзиңнен дур, шәшме шөллерге ағып,
Көзиңнен нур сәўле саҳраға тамып,
Шақаңа суп-сулыў ашақ гүл тағып,
Басыңа орнапты қайнап жаз басы.

Жигирма бес өтти жулдыздай жайнап,
Отыз жаста жүрегиңде йош қайнап,
Қырқ жасың қуўангып өмирди сайлап,
Елиў жасың өмир қайық азнасы.

Барқ урып киргенде өмир бәҳәриң,
Нурларға бөленип атты сәҳәриң,
Өзбекстан—аўыл, қала шәҳәриң,
Үйиңе жыйналды етип тойбасы.

Шөлистанды бийлеп нәлин шанышқансоң,
Ел-журтыңа молдан жемис шашқансоң,
Елиўдиң есигин өзиң ашқансоң,
Алпысқа атлады өмир арбасы.

Шыңға шықтың дәрьяң толып тасысын,
Илҳамың жаҳанды шолып шалқысын,
Таўсылмасын фонтан болып атылсын,
Күш-қуўатың ақыл-ҳуўшың дәрьясы!

## ДАЛАДАҒЫ ТАҢ

Араладым, көрдим аўыл, қаламды,
Ҳәр көшем, ҳәр үйим көзиме оттай,
Көк жасыл жамылған гөззал даламда,
Таңлар атар қызғыш дөнген борлаттай.

Жулдыз семип, шолпан туўған мәҳәли,
Қоразлар шақырып, бүлбил тебиренген,
Таң шуғласы нурын шашқан мәҳәли,
Қой-ешки маңыраған, маллар мөңиреген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ билекли келиншеклер, арыўлар,
Сыйырларын саўып, писирер сүтин,
Жаңа уйқыдан турған қызлар-жаўанлар,
Өзлерин пардозлап береди күтим.

## АНАЖАН

Өмир—өмир емес сенсиз дүньяда,
Өмирдиң тиреги сенсең анажан,
Сен өзиме көринесең зияда,
Сен өзиме қәдирлисең анажан.

Сен болмасаң бул дүньяның тиреги,
Сенсиз жерлер жатар еди тас болып,
Өзиңде тур өмиримниң өзеги,
Әўилдеўден жол басладың бас болып.

Адам ушын ар-намысты, уятты,
Уўыз сүтиң менен сиңдирдиң бойға,
Дүньяға келтирип адамый затты,
Жетистирдиң уллы бахытлы тойға.

Сенсиз аспандағы жулдыз жулдыз ба?
Сенсиз аспандағы керек емес ай
Пана болдың, шаўлық, ақлық ул-қызға,
Дедиң,— келешекте заў-задың болғай.

Күннен де артықсан, аспаннан да кең,
Мәртлигиң миллион жыл дәстан болыпты.
Дейсең,—балаларым урыса көрмең,
Урысқанлар гүлдей болып солыпты.

Тас шыдамас жерде шыдаған басың,
Басыңның құрбаны болайын ана,
Әкем, бабам, ағам мәңги муңласың,
Өмириңниң қорғаны болайын ана.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзиң дийхан, өзиң шаруа, балықшы,
Өзиң рабочий, өзиң билимпаз,
Өзиң өмир берип, сүйдиң халқыңды,
Өзиң барда өмиримиз бәрҳа жаз.

Атызда ырғалған аппақ пахталар,
Алтын қолларыңнан өнген анажан
Ҳәр азамат сениң менен мақтанар,
Ҳақ тилегиң жауды жеңген анажан,
Сен өзиңсең мәңгиликке меҳрибан.

*1977-жыл.*

## АҚШАНЫҢ КӨЛИ

Елге ертек дәстанларда сөз болған,
Әййемги заманнан Ақшаның көли,
Талай-талай тар заманға гез болған,
Туншығып туманнан Ақшаның көли.

Топырақ қаланың қубла тусында,
Елдиң көз жасындай жыйналып жатқан,
Жән-жағын жау басып жазы-қысында,
Көпирген қанлардың зәҳәрин татқан.

Атамның көз жасы Ақшаның көли.
Бүгин сен көлбедиң нәупирли суудай,
Әтирапыңа қонды азатлық ели,
Сууында жүземен ғаз бенен куудай.

Әййемги заманнан қалған бир көзсең,
Бүгин бөленипсең сулыулық сәнге,
Мийирим қанады жағаңды гезсем,
Елликқала халқы дем алмақ сенде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛТЫН ҚУМ.

Күн ыссы қапырық, от ескен самал,
Канал қазды экскаваторшы ер,
Ҳадал мийнетинен таппақшы кәмал,
Еллик қаласынан ашып тыңнан жер.

Гүниренип қосығын айтса машина,
Жер қыртысын жыртар темирли тислер,
Жеткенинде ески дийўал қасына,
Экскаваторшыда өзгерди түслер...

Араласып топыраққа тасларға,
Жер астынан шықты нағыслы бир қум,
Дәрриў хабар етти барлық жасларға,
Экскаваторшы емес еди сум.

Елликкаласының халкы жыйналып,
Кумды ашты, иши екен толы алтын,
Деди жигит жүзи жайнап қуўанып,
—Саған несип етсин барлығы халқым.

*Елликқала—Нөкис 1968-жыл.*

## ЕЛЛИКҚАЛА БӘҲӘРИ

Жыллар бойы мүлгип жатқан даласын,
Жайнап-жаснап келген оятты бәҳәр,
Әййем заманлардан қалған қаласын—
Жаңартып мийнетти ойнатты бәҳәр.

Ата-бабамыздың туўылған жери,
Фәрабий, Беруний жайлаған ели,
Төрткүл, Берунийдиң қахарман ери,
Елликқаласына атланды сәҳәр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еллик қаласына келди қуўатлар,
Көкти қушар ақ алтынлы қырманлар,
Гүллер шешек атар, бағлар қулпырар,
Мәңги нурлар шашсын бахытлы бәҳәр.

*1969-жыл*

## ШЫМБАЙ ТАҢЫ

Гүллери ашылып, бүлбили сайрап,
Сәўле шашып атар Шымбайдың таңы,
Таңнан турып ғаррылары масайрап,
Уйқыдан оятар Шымбайдың таңы,

Бәҳәр паслы жибин үзгендей булқып,
Төрт тәрептен түнниң пердесин жулқып,
Таў басынан өрмелеп сағымлар толқып,
Шуғлалар тарқатар Шымбайдың таңы.

Мысалы көк аспан көлемин көрип,
Күн шығыстан сары сәўле саз берип,
Қуяш шықса пал ҳәрреси гүл терип,
Гүллерди ойнатар Шымбайдың таңы.

Таңға қуяш болып мысалы қалқан,
Қара түн қорғанын етип тас-талқан,
Шадлыққа шыққандай жарқырап шолпан,
Ышқыңды қозғатар Шымбайдың таңы.

Бәҳәр пахтасында өнерпаз болып,
Зор мийнетиң ақылыңа саз болып,
Көллеринде үйрек ушып, ғаз қонып,
Кеўлиңди шағлатар Шымбайдың таңы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқы киши пейил, кеўли жаз болып,
Жигитлери қошадәс, қолда саз болып,
Қызлары қосықшы хош ҳаўаз болып,
Шадлықты жаңлатар Шымбайдың таңы.

Туўысқанлық пенен тойға кесеңиз,
Қызлар менен ойнап, сырын билсеңиз,
Қолларынан бир кесе шай ишсеңиз,
Мәңги өзине тартар Шымбайдың таңы.

Еллер қонып жайлаў менен жағаға,
Дүркин-дүркин малы өрер падаға,
Шопанына шийрин жаным садаға,
Сүттен пал тамызар Шымбайдың таңы.

Жери ҳасыл, жасыл липас жамылар,
Атызында ақ пахталар малынар,
Ырғалысып сары алтын салылар,
Гүзде кәрўан тартар Шымбайдың таңы.

Зербараққа бөлеп елдиң зийнетин,
Досқа дәрман етип ердиң мийнетин,
Көркейтип мийнеткеш елдиң келбетин,
Жайнап-жаснап атар Шымбайдың таңы.

## АҚ БУЛАҚ

Таўдың жырасынан аққан ақ булақ
Ҳәр тамшың көргенниң көзине унап,
Соған ышқы етип болғандай қонақ,
Қумар етип қарап турған яр ма еди?

Тулғаң тас, аспанда турсаңда бийик,
Булақлар буркытгың баўырың ийип.
Мен бир мерген едим, излеген кийик,
Кийик десем турған назлы ярма едиң?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ булақ сыңқылдап тамшылар шашып,
Бир тамшысы қуўып, бир тамшы қашып,
Мениң гөззалымның зейинин ашып,
Сениң де мениңдей ышқың бар ма еди?

Ашылған ақ булақ салтанат сәним,
Буркып ағып тасқан өмир булағым,
Ақ булақтың басындағы жананым,
Жүзиң күн, қасың ай, сөзиң пал ма еди?

## ТЫРНАЛАР

Тырналар-тырналар, ушқан тырналар,
Бәҳәрди яр қусап қушқан тырналар,
Әл аспанды бөлеп сулыў сеслерге,
Даўысты даўысқа қосқан тырналар.

Таңнан ушып талўас еткен тырналар,
Шөллерден, таўлардан өткен тырналар,
Бәҳәримди бөлеп жилўа-назларға,
Арал айдынына жеткен тырналар.

Сес қостыңыз сазларыма тырналар,
Йош бердиңиз ҳаўазыма тырналар.
Жадырап жайнап келди мениң бәҳәрим,
Қосылыңыз пәрўазыма тырналар.

## КӨРИНДИ

*(1934-жылы Аяпберген ағаны излеп ушыраса алмаған едим. Жақында қол жазбаларымды қарасам мына қосықты да Аяпберген ағаға жазыппан).*

Шақаманнан шығып миндик кемеге,
Ҳүрмет пенен сөзди баслап Дәмеге,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен ҳақылы болдым жолдас демеге,
Арал теңиз көз ушында көринди.

Таллық пенен Мәделиниң бойында,
Аяпберген аға түсти ойыма,
Қосық жаздым кеўилимди қойдым да!
Сүйген кеўил сол сезимде көринди!

Дийханнан питеди барлық жер иси,
Тоқтамайды арғымақтың жолиси,
Аяпберген ағаның ҳасыл жемиси,
Татлы болып жер жүзинде көринди.

Аяпберген аға төрт мәўсим толған,
Ақыллылық пенен сөз айтты болжап,
Ҳәрбир сөзи жүрегиме тур унап,
Күн нурындай халық жүзинде көринди.

Мойнақ, Таллық, Қоңырат, Соркөл жеринде,
Орны таяр ҳәрбир үйдиң төринде,
Туўысқан ел менен рус тилинде,
Қосығындай тап өзи де көринди.

Қарыў берип ата менен анаға,
Ақыл айтып сиңип кеткен санаға,
Бирдей болып аўыл менен қалаға,
Шийриң сөзи халыққа маржан көринди.

## ШАЙЫР ҲАЎАЗЫ

Йошлы кеўлим! Сайра мениң зибаным,
Әмиў бойларында жаңласын ҳаўаз,
Бир тарқады қурышланып қумарың.
Таңның нуры менен көкке ет пәрўаз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйлей бүгин, ақтар алтын қабынды,
Ел ғазийнеси болып шашылсын гәўҳар,
Жүрек жыры—нәўпир ет сен жабынды,
Бүгин сайрайтуғын келип тур мәҳәл.

Қайта қуўат кирип ғарры тамырға,
Бүгин урқан атты қартайған бағым,
Бүгин қайта келди бөленип нурға,
Ғыршылдаған жигирма бестеги шағым!

Күш ҳәм берип баба дийқаным,
Таў-таў етип алтын үйди алдыма,
Рәҳәтке бөленди жасарып жаным,
Мен алғыс айтаман батыр халқыма,

Ақ алтын—ақ пахта, сары алтын—салы,
Ырғалтқан бул халқым батыр әййемнен,
Ана журтым ашық айдай жамалы,
Ҳеш ўақ аямайман жанымды сеннен.

Узақ жолдан келди аўыр кәрўанлар,
Таў-таў табыс толып, туўған жерлерге,
Қаҳарман халық, батыр туўған палўанлар,
Ҳүрмет—алғыс ел баслаған ерлерге!

Бәҳәрде мәрт болып айтқан сөзине,
Бүгин жетти халқым, батыр досларым!
Онбир баҳадырын ертип изине,
Алға басты Қарақалпақстаным!

Төрт жүз мың тонна тур нәзеримизде,
Гүреслер қызбақта нурланған таңда,
Барлық табысымыз быйылғы гүзде.
Уллы сыйлық болды Ўатанымызға.

*1975-жыл, 1-октябрь.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАР

Жалпақ жер,
Ақ, мамыққа қушақ ашып,
Қарсы алды, қар кетпеди көкке қашып,
Жер қарға қумарлығын билдиргендей,
Жиберди сақыйлықтың нурын шашып.

Сулыў жер сийнесине сәўле салды,
Ақ түйедей аппақ қар шөгип қалды,
Таў төсин, тумлы-тусқа аққа бөлеп,
Жырасы тик көтерди аппақ жалды.

Мергенлер қарды мақтар ҳасылындай,
Қуўанып услар „алтын" асығындай,
Қар жатты кең даланың қушағында,
Көп ўақыт көриспеген ашығындай,

Бәҳәр—жазға, гүз—қысқа қарасады,
Сыйырдай ҳәўкелерин жаласады,
Ерке туўған егиздей бүгинги қар,
Жердиң бетин жайнатып жарасады.

Аппақ қар алтын шашты айналаға,
Деп шақырып турғандай,—кел далаға,
Қар атып қуўанысып қыз-жигитлер,
Күлимлеп ойнап кетти кең далаға.

Кең дала қандай көркем көзди тартқан,
Көрген сайын жадырап ықлас артқан,
Жаслығым көз алдымда жайнап кетти,
Қызларға қумар болып қарлар атқан,

## ҚАРА ТАЛ

Есигимниң алдындағы қара тал,
Бәҳәрде бөртеди, жазда жапырақлап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сылдыр-сылдыр, етер сеске қулақ сал,
Тербелер, шайқалар сулыўлық сақлап,

Гүмис жапырақлары сылдырлағанда,
Сулыў сөз айтқандай болып маған да,
Сулыўлар сүйсинип сайран еткенде,
Сес еситилер қызлар сыбырлағандай,

Жазда жапырақларың жасыл дөнеди,
Саяласам маған қуўат енеди,
Бабам тигип кеткен екен нәлиңди,
Тамырыңнан мың-мың шақа өнеди.

Керекли жеринде жарасығымсаң,
Бабамның көзиниң қарашығысаң,
Өс, өркенле, тамырды жай тереңнен,
Сенде бир өмирдиң жарасығысаң.

## АЙЫРЫЛМАСЫН

Ғумшалардан гүллер енип, бағы-бостанға
жарасқан.
Бағы қуўрап шөлде қалып ғумша гүлден
айрылмасын,
Шайырлардан шийрин сөзлер, сулыў дәстанға
жарасқан,
Дәстан сөзи мүлтик болып шийрин тилден
айрылмасын,
Саҳра шөллер қарап болар, уртлам суўларға
зар болып,
Жасыл дөнген көклер солар, бир тамшы
суўғларға зар болып.
Ышқы оты жанған яңлы шөллер көлге қумар
болып
Бир-бирине жәрдем берип шөллер көлден
айрылмасын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адам улы өмир бойы ҳәмийше шын жолдас болып
Дийхан баба мийнетиниң рәҳәтин көрип мәс болып,
Дәуирине дәрман берген дийхан жерден айрылмасын,
Жас қыранлар, жас жүреклер, жаңа дәуирдиң ийеси,
Шадықуррам, шадлы өскен, ҳеш бириниң жоқ гийнеси,
Жулдыз ҳәм орден толған жарқырап турған сийнеси,
Билим мийнет, техникалы жаслар кәрдан айрылмасын,
Ана-Уатанды шын сүйген ерлер халықтың ҳал қуўаты,
Ар-намыслы азаматлар туўған елден айрылмасын!
Дүньядан ең қымбатлы, ең шыдамлы күш қуўат,
Соншелли кең аспан, жерди тиреп турған адамзат,
Өмир бахыт, дослық күшке ийе болған азамат,
Жолмурзаның тилеги сол: еллер ерден айрылмасын!

## ШЫНАР

Әмиў жағасында Түйемойында,
Әсир гүўасындай турыпсаң шынар,
Ана-жерде, Қызыл қумның қойнында,
Тамырыңды тереқ урыпсаң шынар,
Қыздай сыңқ-сыңқ күлип суўлар агады,
Жулдызлар сағымы толқындай жайнап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жасыл гүллер бөлеп еки жағаны,
Көкте ай көринер көзге жадырап.

Жаздың жипек жели жүзиңди сыйпап,
Желпигендей желбиретер шашыңды,
Қыял кетер қозылардай жамырап,
Тапқан яңлы етип жубайласыңды.

Шәнли-шәўкет тутқан яңлы турыпсаң,
Шар тәрепке жайып шақаларыңды,
Ҳүр күн мийман келип маза қылыпсаң,
Сыйлық етип салқын саяларыңды.

Талай гөззаллардың куштары болып,
Саяңда сан жигит ышқында жанған,
Кушағың мухаббат қостары болып,
Яки қыршын кеткен, я мийри қанған.

Малын баққан шопан зәңги бабасы,
Таяғын ийт ғайзап дәрт пенен жатқан.
Ғаў-ғаў урыс болып елдиң арасы,
Саған қарап залым жаўыз оқ атқан,.

Саяңда қыялдың салына минип,
Йошқа пәрўаз еткен шайырлар шығар,
Жасыл жапырақларың көз тартар дөнип,
Дарақлар патшасы өзиңсең шынар.

Неше жүз жыл өмир сүрип өстиң сен,
Қан аққан заманда көндиң қыйынға,
Бүгин Саўлатыңды сулыў көрдим мен,
Мардыйып турыпсаң Түйемойында.

## АҚЛЫҒЫМНЫҢ АТЫ АСҚАР

Бахты бәлент болсын деп,
Атын қойған Асқарым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәмалына келсин деп,
Қуўанаман досларым!

Балам-балам палдайды,
Қатарынан қалмайды.
Өмиримниң өзеги,
Баўырымда перзентим,
Бахытлы бостан өз ели,
Азамат етиў нийетим.

Балам-балам палдайды,
Азамат елин қорғайды.

* * *

Жетпис сапар жазды көрген жигитпен,
Он еки мүшемниң кемис жери жоқ,
Мен өсип, өнипшен жалғыз жигиттен,
Бахытлы өмиримниң жеңислери көп.

Хешким инанбаўы мүмкин бул сөзге,
—Жигит бола ма екен, жетпис жасында,
Жапырағым сарғайып кирипшен гүзге,
Асқар таўдай ақ қар жатыр басымда,

Қамшының тынындай бетте әжимим,
Қасыма да қыраў түсе баслады.
Хәўесликти гөзлер кеўил хүжимим,
Мисе тутпай өттим қалың қысларды.

Бетлеримде әжим, басымда ақ шаш,
Бирақ кемиген жоқ қарыў-ғайратым,
Нураний көзлерим, жүзимде қуяш,
Инсаннан туўылдым хасылдур затым,.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслар менен жүрек косып масайрап,
Кыз-жаўанлар менен айтаман косык,
Бағларға шайдаман бүлбилдей сайрап,
Шарқ урып шағлайман шадланып йошып,

Жетпис деген отызы кем бир әсир,
Демек ярым әсир болыппан солдат,
Елиў жыл өмирге еткен соң тәсийр,
Туўысқан халқыма болдым қол қанат.

Не бир қыслар келди жүректи жарып,
Тислеп аламан деп қулақ-мурынды.
Ҳалласлап, ҳаплығып қалмадым ҳарып,
Аман шықтым қысқа бермей орынды.

Не бир гүзлер болды жаўын-шашынлы,
Туншықтырмақ болып топан суўына,
Ҳөллегени болмаса қурғақ шашымды,
Өширте алмады думан пуўына.

Не бир бәҳәр келди жадырап-жайнап,
Жер қушағын қуяш пенен толтырды,
Дийхан бабам зүрәәтке жол баслап,
Ҳәр күни мийнетке таң менен турды.

Сол мийнетти сүйгенлердиң бирмен,
Мийнеткешпен, пидәкермен таймаған,
Уллы бағдың өскен жалғыз гүлинен,
Мине бүгин адам болдым нәмнаған,.

Адам болдым—адам ушын туўған соң,
Адамларда мениң жыллы жүрегим,
Адам болып белди беккем буўған соң,
Ығбалымнан орынланды тилегим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳасыл жанман мен инсаннан дөрелген,
Ҳадал болып өсип-өнген жигитпен,
Әй, Жолмурза беккемлести керегиң,
Мақтана бер, ден саўлықта жигитсең!

*1979-жыл, 1-июль*

## ӨМИР ӨТКЕЛЛЕРИНЕН

Жыллар...!
Жыллар өтти жулдыздай ағып,
Мәнзилден-мәнзилге көширип өмир,
Жыллар...!
Жыллар келди жақты нур жағып,
Кәрўанларға жүклер артып мың да бир.

Кәнлер күлимсиреп,
Айлар ашылып,
Бултлар баўырын бөлгендей болды,
Қақаман суўықлы қыслар басылып,
Бәҳәр кирип қуяш күлгендей болды.

Жетпис бәҳәринде,
Жетпис жаздың да,
Қайғы қуўанышын өткердим бастан,
Жыллар жылнамасын тынбай жаздым да,
Дәўир дүбиринен дөреттим дәстан.

Узақ жоллар жүрдим жақсылар менен,
Бахыт бағларыңа киргендей болып,
Ушырасып нешше бақсылар менен,
Шады-куррам болдым, дүньяны шолып.

Ушырастым гейде наданлар менен,
Тосқынлықтан тынды талай толқынлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолларым бөгелди гүманлар менен,
Дедим, досларыма қолдан тартыңлар!

Бузылажақ болды қурған қосларым,
Наданлар гүўилдеп ҳарам шыбындай,
Сол ўақта қол ушын берген досларым
Болды еки көзим қарашыгындай.

Не көрмейди дейсиз адамның басы;
Нелерге жолықпас жол жүрген кәрўан,
Ҳақ тилекдур екен өмир жолдасы,
Досларым жыйналды бир неше әлўан.

Шайырлықта маған аңсат түспеди,
Жүги аўыр болды, зилдей жүк екен,
Дослар дәрман берди, душпан тиследи,
Таўы бийик, жыралары тик екен.

Елиў жылдан артық жүрдим өрмелеп,
Сондалағы шыға алмадым шыңына,
Бирақ бос қалмадым қолды сермедим,
Шайырлықтың жеттим ҳақлық шыңына.

—Баба шайыр!
—Ата шайыр!
Деп сыйлар,
Ул-қызларым, ақлық пенен шаўлығым,
Еле елге берер молдан сыйым бар,
Тилеймен халқымның аман-саўлығын.

Кеўлиң сақый, қолың жазық—сен мырза,
Сени қартайтпайды уллы дәўириң!
Жас жигиттей шаққансаң ғой Жолмурза,
Жер гүңиренттер дослар менен дүбириң!

*1979-жыл, 4-август,*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАР МЕНИҢ

Мен инсаннан туўылғанман,
Әдеп ықрарым бар мениң,
Таза суўға жуўынғанман,
Кеўил қарарым бар мениң.

Туўылғанман адам ушын,
Адам туўған, анам ушын,
Ана—Ўатан нанам ушын,
Меҳри мәдарым бар мениң.

Мени адам еткен еллер,
Өсип-ойнап өскен жерлер,
Баба шайыр деп қастерлер,
Досты-ярларым бар мениң.

Гүл ашылған айдай жүзли,
Қыйқаш қаслы, қара көзли,
Зейни илгир ҳәм бир сөзли,
Интизарларым бар мениң.

Мақсет-муратына жеткен,
Өмир гүресинен өткен,
Халықларына хызмет еткен,
Ул ҳәм қызларым бар мениң.

Өмир өсер, ерлер қайнар,
Саў болсын пүткил инсанлар,
Мәңги шырақ болып жанар,
Нур жулдызларым бар мениң.

## БОЛАР

Биреў айды қушар, кбиреў қушар күн,
Биреў жақты сүйсе, биреў сүйер түн,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреў ыңылдамас, биреў сүймес үн,
Ҳәрким тили менен қус алар болар.

Барлық нәрсе ақыл-ҳуўышқа көнеди,
Ҳәр нәрсе ўағында өсип-өнеди,
Жерлер мәҳәлинде қулпы дөнеди,
Бәҳәр, жаз, гүз орнын қыс алар болар.

Бул кеўил гирштиктей өмирдиң айы,
Оның ҳасыллығы жүректе жайы.
Бир атым насыбайдай базда жағдайы,
Жайылған бул кеўил қысылар болар.

Адам болсаң қалып қоймай тасада,
Мың жылға ат қалдыр, жүз жыл жаса да.
Таў менен таў ҳасла қосылмаса да,
Адам менен адам қосылар болар.

Алдына баслайды батыр палўанның,
Мәнзилине жетсе тартқан кәрўанын,
Орынланса бул дүньяда әрманың,
Адамның тилеги усылар болар!

*1979-жыл*

## БЕРДАҚТЫҢ ЕСТЕЛИГИНЕ

Баба шайыр, ойшыл дана, мәрт перзент,
Бүгин туўысқан халық жыйналды саған,
Бүгин орынланды сен айтқан тилек,
Бүгин пүткил елден келип тур мийман.

Арзыў-әрман еттиң, дослар изледиң,
Түнекте жүректен жағып шамшырақ,
Бүгин алтын болып басқан излериң,
Бүгин тойға келди баўырман урпақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен уллы шайырсаң, қайта туўылған,
Отырыпсаң алтын дәўран төринде,
Пүткил жаҳан халқы болып туўысқан.
Сени сүйип оқыр ана тилинде.

Қәдиримди халық билер деп едиң,
Даналығың ҳеш қалмады ескирип.
Мәңги сақлаў максетинде жүректе,
Өз қолынан халқың қойды естелик.

## ЖАСЛАРҒА

Заманына ырзаман мен, өнер енди өмирден,
Мен жасларды оқып болып, ҳәр қыялға
дөнемен,
Алшы турар ҳәрбир сөзи сақа болып үлеген,
Қартайғанда қуўат берип, ой туўдырған
Ширин жанға теңгеремен жасларымның
жазғанын,
Көрип турман сөз маржанын, таўдан-тастан
қазғанын,
Ийелеген жүрек пенен алтын гилтин
қазғанын,
Қуўаныштан хабар берип бел буўдырған
жасларым!
Мен жасларды оқығанда нур көринер көзиме,
Жан жүрегим ырза болар ҳәрбир ҳасыл
сөзине,
Жаслығымды қайтаргандай болар мениң
өзиме,
Өмиримниң олқы жерин толықтырған
жасларым!
Мен жасларды оқып болып отыраман
ойланып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыял кетер пәрўаз етип жер жаҳанды
айланып,
Жастай болып шапсам деймен жарқ-журқ
етип сайланып,
Жетпис ойды қыялыма ушластырған
жасларым!
Мен жасларды оқығанда қосық айтып
йошаман,
Ҳәрбир сөзин жаўдыр ала көзлер киби
қушаман,
Мақтанышым мергенимсиз аңды атқан
ушардан.

Келешеги бахыт тойын басландырған
жасларым!
Мен жасларды оқығанда көз алдымда
Ўатаным,
Елеслейди ақ алтынлар, жайлаў менен
отарым,
Жаслар менен жарасып тур ақ үзикли
отаўым,
Жарасықты, қарасықты ушластырған
жасларым!
Мен жасларды оқығанда дәўириме ырзаман,
Талант берген жүреклердиң ҳәўирине
ырзаман,
Жипек желли жазларымның сәўирине
ырзаман,
Жыллы сөзди жан жүрекке дусластырған
жасларым!
Мен жаслардың ҳәрбир алтын сөзлерине
шайдаман.
Терең мәни, көркем өмир, қызғын гүрес
қайнаған,
Жаным сүйген жаслар менен жаңа мәнзил
жайдаман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолмурзаны картайтпастан жасарттырған
Жасларым!

*Шымбай, 1979-жыл, 10-август*

## АҚ СҮТ БЕРГЕН АНАҢДЫ

Ақ сүт берип емизди,
Түн уйқысын төрт бөлип,
Кәмалына келтирди,
Еңгизип сезим-санаңды.

Уйықласаң барып қасыңа,
Бир келгенде төрт келип,
Қымтап қойды көрпеңди,
Көрип жатақ ханаңды.

Қара боран қысларда,
Дүбелей дауыл боранда,
Саклады сени суўықтан,
Умытпа ҳасла анаңды.

Сениң ушын қан төгип,
Сениң ушын жан берип,
Ул бахытлы болсын деп,
Қыз бахытлы болсын деп,
Берди айдай жамалды,

Қандай азап болса да,
Қандай қыйын болса да,
Ҳеш ўақта қапа қылмағыл,
Ақ сүт берген анаңды!

*1979-ж*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЗБЕК ПЕНЕН ҚАРАҚАЛПАҚ

„Өзбек мениң өз ағам“—деп айтып кеткен
бабаларым,
Усы сөзди уран еткен әўладлары, балалары...
Соннан шығар жери-жасыл, гүл шырайлы
далалары,
Әзел бастан өмир ортақ, өзбек пенен
қарақалпақ.

Бабасы бир, анасы бир, дәстурханы—наны
бир,
Баўыры бир, аўылы бир, жүрек пенен қаны
бир.
Нешше-нешше әсирлерден дос, туўысқан
жаны бир,
Мысалы ет пенен тырнақ, өзбек пенен
қарақалпақ.

Жери—алтын, суўы—булақ, ойы-қыры—
лалазар,
Жамалына журт қызығып, ай, жулдызлар
таласар.
Бир-бирине қушақ ашып, ашықлардай
қарасар,
Мисли тарқаналы бармақ, өзбек пенен
қарақалпақ.

Бири—айдай, бири—күндей жер жүзине нур
шашқан,
Жердиң бетин жадыратар жарқыраған
куяштан.
Өзбекстан—нурлы бостан, дослыққа кең жол
ашқан,
Мисли Наўайы ҳәм Бердақ, өзбек пенен
қарақалпақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағаҳий ҳәм Әжиниязлар—бир шақаның
миййўасы,
Қосық болған, ғәззел болған тәлим алған
Хиййўасы.
Алпамыстан айнымаған улларының тулғасы,
Досларына садық ҳәр ўақ, өзбек пенен
қарақалпақ.

Аға, үке болғаны ушын дейди халықлар қос
палўан,
Қуяштан нур емгени ушын ай, жулдызға
дос болған,
Мийман ушын, ийман ушын кең жайылған
дәстурхан,
Өс, өркенле, жайна жасңап, өзбек пенен
қарақалпақ[1]

## КӨК ШИНЕЛЬ

Өзим жатқан өжиремниң төринде,
Қырқ жыл қыстырылып турды көк шинель
Өзгерген жоқ сол баяғы түринде,
Әкем кийип саўаш қурган көк шинель.

Тынышлық жоқ алынбаса кек деген,
Қырқ жыл бойы кек жарасы питпеген,
Көк шинельде қан турғандай кеппеген,
Шалғайларын оқлар жырған көк шинель.

Походларда ийнимизде есилген,
Қыранпышта қылышлардан кесилген,
Етек-жеңи оқлар менен тесилген,
Белбуўарын қайыс қыйған көк шинель.

Фашистлерге соққы бергенге шекем,
Сталинградтан Берлинге шекем,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайнаған жеңисти көргенге шекем,
Әкем менен адым урған көк шинель.

Әкем қайтты бирақ болып жарадар,
Өлип кетти питпестен-ақ жаралар,
Көк шинельге қарап кеўил қабарар,
Көпшиликтиң кеўлин бурған көк шинель.

Анам гәрип көк шинельден көз алмай,
—Ағаң кетти бир рәҳәт көре алмай,
Деп еңиреди талай күнлер бир тынбай,
Бәримизге қайғы салған көк шинель.

Урыс оты салар қайғылы күнге,
Матам тутқызады ел менен үйге,
Шинельди апарып бердим музейге,
Ҳеш ўақыт киймесин инсан көк шинель.

## БАРЛЫҚ ӨМИРИМДИ ЕЛГЕ БЕРЕЙИН

Бүгин ерте турдым кеўилим сергек,
Москваның жанға жақты ҳаўасы,
Мине, күн де шықты бултты сермеп,
Тайдай туўлар, тынбас жүрек ҳалласы.

Бүгин әлле қандай қуўаныш хабар,
Сулыў медсестра айқандай болды,
Сыйласық еткендей сөзинде жан бар,
Қайғының бултлары қайтқандай болды.

Нелерге жалықпас адам өмири,
Қуўаныш ҳәм қайғы таласа жүре.
Ойласаң көз екен дүньяның нуры,
Төрт жаққа таласып, таў аса жүрер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шикастланған көзи тасламақ жарын,
Қан менен толмасын нураный көзим.
Жары жолдан өтгим қалмайын ҳарып,
Шыпакер, жазылсын жаралы көзим.

Жаралы көзимди жазагөр врач,
Қос қолымды бирден сермеп қалмайын.
Бул жақты жаҳанда ашып кең қулаш,
Барлық өмиримди елге арнайын!

## АҚЛЫҚЛАРЫМ—ШАЎЛЫҚЛАРЫМ

*(Көзиме операция ўақтында мени алып қайтыў ушын ақлық қызым шаўлығым менен Москваға барды)*

Ғайрат алып туўған елден,
Ойнап-күлип, өсип-өнген,
Лалазардай қулпы дөнген,
Бағдағы қызыл гүлимсиз!

Ул-қыз, ақлық-шаўлықларым,
Аман болсын саўлақларың!

Сулыў жүзли қара көзлер,
Дәрман берер даңқым сизлер,
Ертеңги күн халқым сизлер,
Жарқырап турған күнимсиз!

Ул-қыз, ақлық-шаўлықларым,
Аман-болсын саўлықларың!

Мийнетти сүйген мәрдана,
Ата-анаға бас пана,
Ертеңги күн ақылы дана,
Жаңлаған өшпес үнимсиз!

Ул-қыз, ақлық-шаўлықларым,
Аман болсын саўлықларың!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙЫП

Айып болар, аўған талғанға күлген,
Қатарынан қалып, озғанға күлген,
Мереке-мәжилисте, тойда-топарда,
Ҳақ сөзди тыңламай жалғанға күлген.

Өз батпаны турып ярымға күлген,
Озалдан киятқан барымға күлген,
Парасат кеўилди партлаған яңлы,
Өзи надан болып алымға күлген.

## ӨМИР УШЫН ОТ БОЛЫП ЖАН

Картайса журекте пәсейер жалын,—
Деп биреўлер айтар пәндиў-нәсийҳат,
Ҳәрким өлшеп көрсин өмирде ҳалын,
Қанша қалған екен бойында қуўат.

Ҳәрким базар етер, қолында барын,
Аяқ созыў керек көрпеге қарай,
Бәҳәр еритеди қыслардың қарын.
Сай-салаға суўлар ағар мәўжирип.

Суўлар төмен ағар, ақпас жоқары,
Айға балта атсаң түседи жерге,
Өз ўақтында болар қыстың кәҳәри.
Денең балқып кетсе түсирер терге.

Ийт түйнек те мәҳәлинде бир писер,
Бирақ дәртке аспас, пәлле пошағы,
Дүньяда ҳәр қыйлы болар кисилер,
Базы суўық, базы ыссы қушағы.

Ҳәр гүлдиң ийиси басқа деген бар,
Гүл қәдирин бүлбил билер сайраған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүньяда ҳәр қыйлы болар сүйген яр,
Ең жақсысы шын кеўилден ойнаған.

Бир дәсте гүл берсе, бийганыс адам,
Себебин сорамай алмаған гүлин,
Жыланлар, шаянлар дос емес мудам,
Екеўи де душпан кесип ал тилин.

Басты кесер болма шаш алар болсаң,
Ҳарамы нәпсиден сақлан ҳәр заман.
Ақыл-ҳууўышың менен ҳәр ўақ ис қылсаң,
Машақатлы өмир сүресең мудам!

Өмириңди сақламасаң отлардан,
Халқыңның өмирин сақлай алмайсаң,
Ўатаныңды сақла қанлы оқлардан,
Ага-анаға жалынланған жандайсаң!

Өмирингди қоргасаң қоргалар елиң,
Елиңди қоргасаң жасайсаң аман,
Сени перзентим деп баҳалар елиң,
Өмир ушын от болып жан ҳәр заман!

## КӘРЎАНЫ БОЛАР

Қан төгискен қыян-кести урыстың,
Жеңгени сен болдың уллы урыстың,
Бүгинги күн қаҳарманы қурылыстың,
Ел-халықтың сүйген палўаны болар.

Ақ қарға бөленген асқар таў басы,
Буркып тасып аққан боздың арнасы.
Бағлардың жемиси, әнжир-алмасы,
Көз тартқан кеўилдиң жәўланы болар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шарўаға отлақ жер болса кеңирек,
Қыр қойнында қой-қозылар жамырап,
Отарында қызыл байрақ желбиреп,
Шарўа мәканының әлўаны болар.

Кең далада лалазарлар кулпырған,
Ақ алтын, сары алтын ырғалып турған,
Гүмис гүз киргенде қызыллап қырман,
Өмир ырысқысының кәрўаны болар.

## ЖАСАҒАН САЙЫН

Ҳадал мийнет пенен ислеген кәриң,
Турмыстың тирегин етеди тайын.
Ҳәммесинен қымбат ана—Ўатаның,
Саған ашып берди бахыттың жайын.

Туўылған жериңнен таўсылмас кәниң,
Ҳадал ҳақ кеўилге молайды пайың.
Көзге ысық ойнап өскен мәканың,
Оңыңнан туўылды бахытлы айың.

Әўладтан-әўладқа жетер дийдарың,
Паллар шийрин болар асаған сайын.
Тынышлық, тиришилик сениң мәдарың
Жасағың келеди, жасаған сайын!

* * *

Қойыў қара шашымды аққуў яңлы ағартып,
Аўыр жүкти мойныма арттырып қойған
ғаррылық,
Бет алдымды булт етип, қара көзди алартып,
Жүўенимди кейинге тарттырып қойған
ғаррылық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Егер узақ жасасам көп көрмеңиз досларым,
Қулпырып тур жемисли қолдан еккен
бостаным,
Талай тыңлап көрдиңиз бостанымның
дәстанын,
Ақыл-ҳуўыштың барлығын айттырып қойған
ғаррылық.
Биреўиңиз ул-қызым, биреўиңиз шаўлығым,
Келешек күним Сизлерсиз, молдан болсын
саўлығым,
Әлпешлең мени баўырлар билинбесин
шаллығым,
Ҳәр биреўин есаплап айттырып қойған
ғаррылық.

Сексенге қарай жол тарттым, өзим ғарры
кеўлим жас,
Мейли баба деңиз де, мейли деңиз заманлас,
Бул дүнья деген рәҳәт, аман болсын
жалғыз бас,
Бахыт болсын сизлерге несип етсин
ғаррылық!

## СӨЙЛЕ, БҮЛБИЛ

Қанлы урыс шығар емес есимнен,
Оқлар жаўды ертели-кеш песиннен,
Еситейин хош ҳаўазлы сесиңнен,
Сөйле бүлбил, неге тынбай сайрайсаң?!

Хош кейин айтылар шадлық барында,
Йошлар толып-тасар жүрек тарында,
Гүллер қулпы дөнер бәҳәр таңында,
Сүйип сайран етип тынбай сайрайман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәңги көрмейин деп қайғы дағларын,
Масайра деп шады-қоррам шағларым,
Оқ жаўмасын жемис берген бағларым,
Тынышлық турмыста тынбай сайрайман.

## БАХЫТ БАР

Қайда жүрсем лық-лық толы аламан,
Мәңги доспыз қыл өтпейди арадан,
Шетте қалмай бул өмирге шерикпен,
Қайда барсам адам менен бараман.

Жетип болып жалғыз қалсам анамнан,
Айырылғанман анам берген панамнан,
Қайда барсам қуўанышқа бөленип,
Мениң бахтым айрылмаған адамнан.

Расында адам барда адамман,
Адамлардан уллы ақыл алғанман,
Кең аспанды тиреп турған адамзат,
Өлген артық адамлардан қалғаннан.

Бир-бириңе жаў болмаңыз адамлар,
Араңызға от салмасын наданлар.
Адам менен адамлар дос жасаса,
Бул жаҳанда рәҳәт бар, бахыт бар!

## ӨМИР ШАЙДАСЫМАН

Ғаррыман деп жоралар,
Аўзым бармас айтыўға.
Жаҳаннан кеўлим оралар,
Шаршамастан қайтыўға.

Кете берсин асыққан,
Мен өмирге ашықпан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Машақатлы күн қызық,
Күни-түн ойға шомылар,
Ҳаўа тымық, күн қызып,
Турғаның парқы бар.

Уўайымнан қашықпан,
Мен өмирге ашықпан.

Ассалаўма әлейкум,
Баба дести балаларым,
Узақ жасап жүрген ким,
Десин көрген жанларым.

Қартайып қайта тасыппан,
Мен өмирге ашықпан.

Ул, қызы бар елимниң,
Хызметинен қайтпаған,
Мәртлигин көрдим еримниң,
Өтирик сөз айтпаған.

Усылар үнем тасыған,
Мен өмирте ашықпан.

Кеўил сезди, көз көрди,
Аспан ашық дүнья кең,
Көргеним жоқ ҳеш елди—
Бизиң елге болған тең!

Куўанған халқы шадлықтан,
Мен өмирге ашықпан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Тумағасын алған қаршыға кустай,
Жүрегим ҳәўлирип соғарда турар.
Басым аппақ қарлы қәҳәрли қыстай,
Кеўлим бәҳәр киби урар да турар.

Жыл менен теңлесер күлки бир заман,
Мың қайғыны жеңер шадлық, шадыман,
Жыллардан жылларға жетистим аман,
Қыял қуўанышын қурар да турар.

Кеўилиң кең болса ашық аспандай,
Жаўқылдарсаң жаңа үйленген жаслардай,
Узақ жол жүрерсең, қорықпай, жасқанбай,
Нәзериң алдыңда қарар да турар.

Жетпис, сексен, тоқсан, жасасаң жүзди,
Өткерсем бәҳәр, жаз, қыс пенен гүзди,
Халқыма арнасам алтындай сөзди,
Тилек узақ өмир сорар да турар.

Досларың жуп, душпанларың тақ болсын,
Достыңның жүреги бәрҳа ҳақ болсын,
Ҳақыйқатын айтып сөйлер жақ болсын,
Қазаның ырысқа толарда турар.

Жер бети толмасын жаў-жарақ пенен,
Өмир өркенлесин нур байрақ пенен,
Думансыз жасайық шаңырақ пенен,
Кеўилиң тынышлық қушар да турар.

Сексен бес төбени гөзлеп қарасам,
Сонша жасасамда бала боламан,
Жолмурза жүз жасқа шаўып барасаң,
Заманың өмирди қосар да турар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЗАТАЎ

Жарқырап, жаўдырап, жайнап айналаң,
Көргенлердиң зейнин ашқан Бозатаў.
Елдиң ырысқы шалғын егис айдалаң,
Дәўир келип алға басқан Бозатаў.

Жериң жайлы көгерер ҳәр дақылдан,
Пада-пада мал жайылып атырған,
Ҳәр шопаның кем емес он батырдан,
Ығбалың, дәўлетиң асқан Бозатаў.

Ғошшақ жигитлериң, қәлем қас қызың,
Барлығы ақлаған елиниң дузын,
Бүгин жарқыраған бахыт жулдызың,
Жарқырап қуяш нур шашқан Бозатаў.

Орынланды Әжинияздың әрманы,
Жетип келди уллы бахыт кәрўаны,
Бәлент қызылланған елдиң қырманы,
Ели сулыў, жери сулыў Бозатаў.

Бозатаўдың баўрайында бағы бар,
Малынған мәккеси, пахта тағы бар,
Ертең бир күн, ҳинжи-маржан тағынар,
Жаңадан дүньяға келдиң Бозатаў.

## БЕРУНИЙДЫҢ БӘҲӘРИ

Қылышын сүйреген қалың қыс қашып,
Аспан әлеминде ғазлар жол ашып,
Беруний бәҳәри келди нур шашып.
Қутлы болсын айтлық бәҳәриңизге.

Аспан ашық ақ бултлар жылжыған,
Қуяш пенен жер қушағы жылыған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырда шопан, сабатларда жылқыман,
Сулыў сәнлер қосқан сәҳәриңизге.

Жайлаўында дүркин-дүркин өскен мал,
Шопанларың шадлы нурланған жамал,
„Жигули“ ди минип жүрген ғаррылар,
Бәҳәр палын қосқан нәҳәриңизге.

Бәҳәр қуяшынан оянып жериң
Мийнет майданына атланды ериң,
Берунийли дослар, баҳадыр елиң,
Заўықлар қостыңыз заманыңызға.

Жетпис төрт бәҳәрди көрген шағымда,
Бүлбиллер сайрады шәмен бағында,
Қарақалпақстанның алтын тойында,
Қосылған үлесиң ўатанымызға.

Тутлар берип сулыўланып сай салан,
Лалазардай қулпы дөнди айналаң,
Жасыл жапырақлар жайнап, ай далаң,
Сулыў шырай қосты жамалыңызға.

Қыс қозғалып, бәҳәр кирди жер ысып,
Қыз-жаўанлар шықты мийнетти қушып,
Туттың жапырақлары көзларге ысық,
Бәҳәрден пай тийди қолларыңызға.

Жипек қуртқа жайлар таяр, азада,
Тәрбиясы ертели-кеш азанда,
Еки мың үш жүзден артық Шаҳзада,
Қурт ушын паяндоз жолларыңызға.

Таңнан турып атыз-шеллерди гезип,
Туттан жапырақ алып биримлеп үзип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түнлерде уйқламай көзлерин сүзип,
Қуртлар өрмеледи талларыңызға.

Беруний бурыннан сен-даңқлы елсең,
Көзге сүрме болған теберик жерсең,
Уллы әрман менен жасаған елсең,
Алғыслар жарасқан жанларыңызға.

## АҚ ҚУЎЛАР УШЫП КИЯТЫР

Бәҳәрге қумар адамлар,
Әл-аспанға қараңлар,
Айдынлы ашық араллар,
Ақ қуўлар ушып киятыр.

Сәўлесин шашып тур қуяш,
Мысалы көкте „ақ қураш“
Қўлашыңды кеңнен аш,
Ақ қуўлар ушып киятыр.

Қырында ойнар маралым,
Өзиңде ықлас қарарым,
Ақ сақаллы Аралым,
Ақ қуўлар ушып киятыр.

Бәҳәриң келди шалқыңлар,
Мийнетке шығып балқыңлар,
Тай болып туўлаң толқынлар,
Ақ қуўлар ушып киятыр.

Бәҳәрдиң ғамын ойлаңлар,
Ашылсын айдай жамаллар,
Қыз-жигитлер ойнаңлар,
Ақ қуўлар ушып киятыр,
Жанымды қушып киятыр

*1982-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗЛАРЫМ

Әсирлердиң аңызында ай-күндей,
Адамзатқа ақыл болған қызларым,
Көздиң отын алып қулпырған гүлдей,
Жүрегиме жақын болған қызларым.

Жаслайыңнан болдың кеўил басқарған,
Әлпешледим алып өттим асқардан,
„Жан қызым"—деп баўырыма басқанман,
Қыз мийримли, ақыл болған қызларым.

Анаң ғәрип түн уйқысын төрт бөлип,
Ақ төсинен ақ булақгай сүт берип,
Миллионлардың муҳаббатын меңгерип,
Ашылысқан айдай жүзли қызларым.

Апыл-тапыл жүргениңе қуўандым,
Кемалыңа келгениңе қуўандым,
Халыққа сәлем бергениңе қуўандым,
Ҳәм ҳүрметли ҳәм ләззетли қызларым.

Көргенлердиң қара көзин талдырған,
Жигитлердиң жүрек баўырын жандырған,
Өнер менен елдиң мийрин қандырған,
Қоша дәсли, хош ҳаўазлы қызларым.

Боска өтпей жалынлы жас гезлерин,
Көзге сүрме болды басқан излериң,
Ел басқардың халықтың ғамын гөзледиң.
Ақылы дана, бәҳәр жүзли қызларым.

Толқынлатып көл, теңизди, дәрьяны,
Ақыл-ҳуўыштан ийеледиң дүньяны,
Сизге арналды жан атаңның жыйғаны,
Аман болың қара көзли қызларым.

*1984-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОЯН

Машинаның шырасы жарқыраған,
Қара түнниң қапысын қопарғандай,
Сәўлеси аққан суўдай сарқыраған,
Тынық суўдың тоңыртқасын қотарғандай.

Қос шыра қуў далаға жараңғандай,
Жалт-жулт етер жер жүзин жалағандай,
Киятырмыз алдымызға көзди тигип.
Барлығын билмекшимиз дала қандай.

Сәўлеси көз ушына барып жеткен,
Жақтысы жылдырымдай жарқ-журқ еткен,
Тосаттан шыққан қоян тыпырлады.
Қамасып еки көзи шығып кеткен.

Қоян сонда албырап булип қалды,
Барды да шофер бала услап алды,
Ташкенттиң зоопаркине алып келдик,
Қоянды ылайықлы жайға салды.

Әжелден аман қалып солбир қоян,
Өсип өнип болыпты бир неше жан,
Өлим-жаў, өмир деген—рәҳәт ғой,
Барлығың болыңызлар шын меҳрибан.

## АЛМАДАН

Гуманланып гүнасы жоқ кисиниң
Жағасына жарқанаттай жабыссаң,
Билмесең нелигин ҳақлық күшиниң,
Айырыларсаң жақын менен алыстан.

Жан досыңның жағасына жабысып,
Ошағандай тура берсең илинип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күн ылактырса, қалдың қабысып,
Пушайман қыларсаң бауырың тилинип.

Бет тырнама қуўрап қалған шеңгелдей,
Досты болсаң, диййдарласта көзге айт.
Аўзыңды ашпа, ақылыңды меңгермей,
Сөзиңди алып қалма, егер келсе пайт.

Көзиңди аш барлығына сақый бол,
Кеўил суўың ақсын жаптан, салмадан,
Адам болсаң дос адасса ақыл бол,
Халқыңа бер бағындағы алмадан.

## СЫЙЛАСЫН

Узак дәўран сүрмек болсаң жоралар,
Төрт бүкленип жата берме жайыңда,
Кеўил заўқы қаяқлардан оралар,
Машғулаттың бири болсын пайыңда.

—Жетип келдим, алпыс, жетпис, сексенге,
Ҳақың бар қарыўды қалай жеңсеңде,
Ҳеш ўақытта айып емес жоралар,
Участкаңа төгин әкеп төксеңде

Жас әўладқа өрнек үйрет, ақыл айт,
Мийнет мәртликлерди қосып нақыл айт,
Техниканы қашан, қайдан үйрендиң,
Узақ айтпай түсиникли жақын айт.

Басты қойып жата берсең көпшикке,
Сөзиң тийип жүрер келин-кепшикке,
Таза ҳаўада жүр, сейил ет бағқа,
Бирақ ертерек қайт, түнге кешикпе.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қартайдым деп қайғы-уўайым келтирме,
Жумыс қылсаң бир жерлерин кемқылма,
Машақатлы өмир болар мазалы,
Пайты келсе сыйыр саўыс кемпирге,

Ул-қыз, келин истен қалып қоймасын,
Ақлық-шаўлық бақшаларда ойнасын,
Ҳәрекетке-берекет бар жоралар,
Жас әўладлар жақсы көрип сыйласын.

* * *

Сексен бес жыл буннан бурын,
Жетим қалған балаңман,
Жыллар өтти жулдыз болып,
Өстим өндим панаңнан.

Бир мың айдың жүзиң көрдим,
Нурлы көзли бабаңман.
Кәдирдан ата, ана,
Сексен беске келдим мен.

Анажаным туўған күни,
Ел, халқыма, кудайыма табындым.
Жаслайымнан акыл алып,
Хызметине, жулдыз болып ағылдым.

Жас қырандай жаўды қырдым,
Қан майданда танылдым,
Сексен беске жетип келдим.
Кәдирданым досларым!

Ата журтым, ана жерим,
Туўылған мәнзил мәканым,
Мусылманман, Жер жүзине—
Айдай ашық жаҳаным,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сексен бесте сайран еттим,
Қәдирданым, досларым!
Қыянкески қан төгиспе,
Урысларда қайытбадым,
Нәмәрт болып жасырынып,
Тасаларда жатбадым,
Қанлы қылыш тақасада,
Жауға сырым айтпадым,
Жас әўладқа жүрек болдым,
Қәдирданым, досларым!

Бомба болып бузып өттим,
Қиянгески жоллардан,
Әтирапыма нурлар жағып,
Өттим саҳра майданнан,
Шаршасамда жолда қалмай,
Өттим тоғай таўлардан,
Сексен беске аман келдим,
Қәдирданым, досларым!

Сексен бес жыл өмир жолы,
Узақ екен, көз ушында аспандай,
Елиў, алпыс төбелери,
Теңиз болып тасқандай,
Базыбир жыллар аўыр келди,
Айтылып жүр, Алпамыстай—дәстандай,
Тал-тал болған топылыслардан,
Аман келдим, досларым!

Сексен жасқа шыксамдағы,
Қолға ҳаса алмадым,
Аўырыўды мисе тутбай,
Ярым жолда қалмадым,
Ел журтыма, Гөззалларға
Қосығымды арнадым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайнап жаснап жетип келдим,
Сексен беске қәдирданым, досларым!

Узақларға мени баслап,
Баратырған айдын жоллар жатырған,
Ўатан жүгин көтериўге,
Бир жигитке татырман,
Белим бөккем, ақылым зийрек,

Тынбай ислеп атырман,
Бундай заман табылмайды,
Халқым ушын, досларым!

Жер жүзине урқан жайды,
Үлкем—Қарақалпағым.
Сен дүньяда бахытлысаң,
Қайта жасарған шағын,
Халқың менен нур бөленсин,
Жайнап жаснап шығарған,
Жолмурзаңды тағы жасат,
Туўысқаным, досларым!

## ЗАМАН!

Сексен бес жыл жалыт еткен,
Заманласым бар мениң,
Жас жигиттей ылақ ойнар,
Уллы дослық тойында,
Бағ орнатып, гүл көгерткен,
Арал аймағына, Әмиў бойына,
Ҳәр жыл сайын, мүше алған,
Ерлик пенен пайына,
Дослық ушын хызмет қылған,
Ерлерим бар қаҳарман.
Нешше әсир жасасақта
Бундай заман болмаған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шадлық, бахыт, бирлик бенен
Халықтың кеўли тоймаған,
Қарақалпақ деген елди,
Ҳешким ядға алмаған,
Бүгин бизди танып алды,
Жақты жаҳан—бул заман.

## НӘСИЯТ

Бабалардан бизге қалған ўәсият
Бизден әўладларға болсын нәсият.

Бир ғарры шайыр деп сезип өзимди,
Уллы нәсият деп тыңлаң сөзимди.

Барлығын турмыста еситтим, көрдим,
Сизлерге естелик жазып үлгердим.

Мәртликти үйренип ең озал бастан,
Турмыстың маржанын сүзип ал жастан!

Бул дүнья кең, көзиң жетпес ушына,
Қушақлайман деп барлығын қысынба!

Қанаат ет, халқың менен бирге бол,
Бирге болсаң саған ашық айдын жол!

Пайдалы жерин ал, зыянын тасла,
Ақылы даналықта өмирди басла!

Анық билсең төрт мәўсимниң келисин,
Түсинерсең өмириңниң желисин.

Өмир деген жанып турған қызыл шоқ,
Бир сөнген соң еки ирет өмир жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақыл менен сыйлай билген өз басын,
Жарым жолда қалдырмайды жолдасын.

Айға кесек атпа төбеңе түсер,
Тас түскен жер я ойылар, я исер!

Баз биреўлер сықмар, дүньяға жақын,
Ҳәттеки жеп кетер сағыйра ҳақын.

Баз биреўлер жалғыз басын биледи,
Бирақ жалғызлықтан азап көреди.

Баз биреўлер алдар бәрҳа адамды,
Ақыры арқалар қайғы ҳәм ғамды.

Ҳийле менен жесең достыңның асын,
Ақыры қор болып жоғалар басың.

Билимди ийеле зор болғың келсе,
Ҳарам мийнеттен қаш қор болғың келсе.

Пахта ексең пискенше ет ҳәрекет.
Ҳадал ҳәрәкетте бәрҳа берекет.

Жер жақсысын билер болсаң салыға,
Тракторды таярлап ал жаңыңа.

Ҳәмме ўақ қай иске етсең де машқы,
Сени жаздырмайды сол истиң ышқы!

„Дос басыңа, душпан аяққа қарар"
Аяқ кийимиңе болғыл ықырар.

Достыңның ҳәр күни үйин көрип кет,
Ата-анасына сәлем берип кет!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўл-қызыңа ҳәр ўақ урыссаң бийорын,
Үзгендей боларсаң жүректиң тарын.

Ойланып сөйлесең қызбайды қанын,
Қызсаң ҳәр ўақ қапа болады жаның.

Мийнет етсең дем алдағы жатып иш,
Жарма ишсең асқатығын қатып иш.

Улыңды зорлама сүйгенин алсын,
Қызың теңин таўып қоса ағарсын.

Жем жемеген сыйырда сүт аз болар.
Тәрбиясыз қыз көтере наз болар.

Әдеп өзиң әдеп-икрамлы бол,
Сол әдетиң әўладыңа ашар жол.

Табан тозар, несийеге зат берсең,
Батпаққа батарсаң суйыққа ерсең.

Егер алдаўшының сөзине көнсең,
Суўда қалқып жүрген сен де бир сеңсең!

Терең бе, сайыз ба көрмей шешинбе,
Сырлас емес адамларға шешилме.

„Мал шақынан, адам тилден" деген бар,
Аңлап сөйле ҳәр сөзге бер итибар.

Қоңсыңды ойласаң шығады атың,
Сени жақсы көрер ҳәтте жек-жатың.

Жапты қазсаң суўдан мийриң қанады,
Маңлай териң күйсе ишиң жанады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳеш гүнасыз сөз еситсең достыңнан,
Дүньядағы ашшы зәҳәрден жаман.

Егер тыңлар болсаң шуғылдың сөзин,
Қара перде менен қапланар жүзиң.

Биреўди биреўге душпан еткениң,
Өкиниш пенен өз басыңа жеткениң.

Жағымпаздың жүрегинде мәргия,
Иси питсе көзден болар зым-зыя.

Торанғылды тынбай тессе тоқылдақ,
Урысқанлар мийли тесер тоңқылдап.

Дүнья малға толсада қушағың,
Ҳешбир заялама нанның усағын.

Ақыллы ис етип бәркулла сақ бол,
Доска дәрман берип жақты шырақ бол!

Босқа жүрме, минутты көзиңе илмей,
Өмирдиң өткенин қаларсаң билмей.

Китап оқыў болсын бәрҳа әдетиң,
Сонда дүзиў болар тутқан ниййетиң.

Китапты оқысаң айтылар бәри,
Барлығы да сениң өмириңе дәри.

Билим менен ай, күн, жулдыз қушасаң,
Адамды сүй егер адам усасаң.

Менменликтиң туўын қолыңа тутпа,
Достың кирттай жақсылығын умытпа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шағаўық шаянды өлтирмей кетпе,
Егер тири қалса дақ салар бетке.

Ҳийлекер суўпыдай киймегил сәлле,
Достың ашыўланса бергил тәселле.

Ҳәр заман беккемле дослықтың күшин,
Дослық тирек болар өмириң ушын.

Дослық тар жоллардан сени өткерер,
Мурат-мақсетиңе сөзсиз жеткерер.

Базда бир сөз бенен тәғдир шешилер,
Жалған сөзге ерсең мойның кесилер.

Жаста жетим қалсаң жетерсең аман,
Қартайғанда жетим қалыў дым жаман.

Есаплы бол өмириңди қор етпе,
Қарның бир тойғанға мардыйып кетпе.

Жасында тойдырса нан менен палға,
Ҳәмелдар болғанда умытып қалма.

Билмейди дегенлер өзимнен басқа,
Ақырында жолығады ипласқа.

Нақыл бар: „таңланған тазға гез болар"
Мәҳәлинде үйленбеген сөз болар.

Мийри қанар мийнет пенен суў ишкен,
Адам емес өтирик сөйлеп уў ишкен.

Ул-қыз жақсы болса төбең көк тирер,
Жаман болса өзиңе сөз тийгизер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳадал териң жуўар жерде шорыңды,
Перзент жаман болса қуртар сорыңды.

Егер ата-ананы етпесеңиз қапа,
Қылған ҳүрметлериң зая кетпес ҳеш.

Егер-ананы етсеңиз қапа,
Күни ертең өзиң де шегерсең жапа.

Алтындай басыңды тыйынға сатпа,
Мәртебем бәлент деп шалқайып жатпа.

Дәўлетиң қайтқанда жалқаўлық басар,
Ўақытша қол берген досларың қашар.

Шығар малға себеп болса ийеси,
Жаман болар нанның тутса кийеси.

Алманың шақасын сындыра көрме,
Жемиси көп болар жарасар жерге.

Нәлше ексең тәрбиясын умытпа,
Бағман емеслердиң сөзлерин тутпа,

Қәдири артқан яңлы пискенде ерик.
Даналардың ақылы болар теберик.

„Аўырыў—астан" деген елде нақыл бар,
Аўырсаң тез врачларға жақын бар.

Аўырсаң мысалы солыған гүлсең,
Врачқа емлетсең тағы гүллерсең.

Аўырдым деп жатпа қайғырып, ҳарып,
Врачларға емлен тезирек барып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жууўын, шомыл, ҳәр күн сайын таза жүр,
Денени шынықтыр, узақ өмир сүр.

Егерде қашпасаң аўыр мийнеттен,
Ҳәмме ўақ аўлақсаң жаман нийеттен.

Жасыңнан билмесең қәдирин нанның,
Ертең душпанысаң бул шийрин жанның.

Туталмасаң қолың созба жулдызға,
Сулыўлық жарасар ақыллы қызға.

Басқаларды көрип өзиңнен пәс деп,
Ийтиңе талатпа көз қысып „бәс" деп.

Көтере алмай қалсаң өмир тасларын,
Жәрдемлесип көтерисер досларың.

Ел-журтыңа болғың келсе мийирман,
Жигериңди жумсап жасыңнан ойлан.

Сөйлер сөзлериңниң алды-артын бил,
Ең әўеле дос-душпанның парқын бил.

Алма пис, аўзыма түс десең болмас,
Өмирди жаздырма мысалы алмас.

Билмегенге үйрет, билгеннен үйрен,
Жақсыдан айрылма, жаманнан жийрен.

Бузсаң ел дәстүрин, елдиң қәдесин,
Бузғанға барабар бүлбил қәпесин.

Пердеси сөйлетсе дуўтардың тарын.
Жүрек қозғар сүйген ярдың қумарын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит йошлы болса туралмас жалғыз,
Дәртлерине даўа болар гөззал қыз.

Көзиңниң шырпысын жүрекке тийгиз,
Сонда муҳаббатың өшпейди ҳәргиз.

Халық пенен уш, қос қанатың қайрылмас,
Ҳеш ўақытта опалы дос айрылмас.

Сейиссиз арғымақ шабалмас узақ,
Бийпарўалық деген мойынға дузақ.

Талабың келиспес ғалмағал болса,
Жолың өнбес, кеме орнына сал болса.

„Жолға шықсаң жолдасыңды сайлап шық"
Үй-ишиңди, алды-артыңды ойлап шық!

Мәрт емессең жаўды жексен етпесең,
Ер емессең мақсетиңе жетпесең.

Туўған жерден тапқаныңды аяма,
Туўған елден ҳеш жаныңды аяма.

Жермен—сыйыр бермес, баспағын берер,
Палаўын өзи жер, қаспағын берер,

Дүньяда ҳеш зат жоқ уллы анадай,
Жүз жасай бер ана, дейсең баладай.

Қалай шығар едиң ана болмаса,
Қалай жасар едиң пана болмаса.

Уўыз сүтти тойып емген баланың,
Бел мәдәри, көрер көзи ананың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көргенсиз үйиңе басып киреди,
Аўзынан ақ көбик шашып киреди,

Мешкейдиң тек қарны болар билгени,
Әжайып көринер жалған күлгени.

Басқа пайдасы жоқ атақтан сақлан,
Дөҳмет бәлесиндей шатақтан сақлан.

Өз исиңе өзиң болмасаң пысық,
Сенде бир күн-түни уйықлаған пышық.

Жақсы болсаң айдай болар жамалың,
Жаман болсаң сеннен безер жананың.

Алыс-берис еки адамнан болады,
Бермей ала берсең кеўил қалады.

Пейли тардың үйи күнде шаўқымлы,
Ҳәтте суў ишиўге бермес саркумды.

## ГУЛПАРШЫН

*поэма*

Басланған жыллары Ўатан урысы,
Турмыс титиренди тасқын толқыннан,
Тарайып бармақта өмир өриси,
Жаңбырда қалғандай жаўрады жаҳан.

Батыста, шығыста, қубла, арқада,
Төрт тәреп толықсып туўлады бирден,
Батыс беттен дөнип думан қап-қара,
Жер өртенди, булбил айрылды гүлден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адам өмирине дарыды апат,
Көл, дәрья, тоғайлар болды қызыл қан,
Таўлар ләрзем берди болсада қабат,
Мыңлар майып болды, өлди миллион жан.

Азамат улының бири аўқамның,
Қарақалпақ халқы усладың қурал.
Басына қәуип туўып ҳәр бир адамның,
Адам тасқа айналды соған нәзер сал!

Миллион қатарында болған қаҳарман
Уатан ушын тигип аямай басын,
Миллион қаҳарманның ерлиги дәстан,
Сол миллион ерлердиң бири Гүлпаршын!

Көптен ойымда еди кишкентай дәстан,
Бүгин пайыты келип усланды қәлем.
Борис, Таня менен Гүлпаршын, Досан
Батырлар ерлигин тыңласын әлем!

I

Күнлер, айлар, жыллар өтти зымырап,
Күнлер, айлар, жыллар жетти жаўдырап,
Бәҳәр қуўып қақаман қыс қарларын,
Жайлаўларда қозы, ылақ жамырап.

Қыста қашты жыйнап тоқсан палўанын,
Бәҳәр кирди тартып тоқсан карўанын,
Жаз жайнатып жердиң бетин жасылдан,
Жеделлетти шын мийнеттиң жаўланын.

Жазда кетти, жаз орнына келди гүз,
Дийқанларға мол зүрәәт берди гүз,
Айтып кеткен бурын ата-бабалар,
„Машақатлы мийнет пенен алтын сүз!"



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өн еки ай бир-бирине алмасып,
Бири кетип, бири келип жалғасып,
Өмир өтти гүрес пенен бәрҳама,
Инсан жүрди нешше жыллар жол асып.

Кең дүньяға қарып өмир қазығын,
Адам табар бул өмирдиң азығын,
Биреў билер, биреў билмес ҳаслында,
Кимниң қандай гүна қылған жазығын.

## 2

Борис граждалылық урыстан кейин,
Жәрдем ушын келди қарақалпаққа,
Туўысқанлық жүрек дослыққа бейим,
Нур жанбақшы болды қараңғы жаққа.

Борис баўыр басты мийманшыл елге,
Досан менен дәўран сүрди дос болып;
Бәҳәрдиң қуяшы жан берген жерге,
Мәкан басты еки батыр қос болып.

Борис, Досан сыңарындай егиздиң,
Ел хызметин ерлик пенен атқарды,
Елине жеткерип жемисин гүздиң,
„Қос азамат!“ деген елде ат қалды...

## 3

Мың тоғыз жүз қырқ биринши жылында,
Досан дос елинде болып жүр мийман.
Гүл лалазар Днепрдиң бойында,
Той тамаша, ели бәрҳа шадыман.

Мийманға шақырып Досанды Борис,
Дослық дәстүриниң келтирди машын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки қыз сырласар, мақсетлер дурыс,
Досанның қызы еди аты Гүлпаршын!

Биреўи Беристиң қызы еди Таня,
Жарасқанын қара еки қурдастың.
Шолпандай жарасқан нурланган таңға,
Жарасығы жақсы жалынлы жастың.

Украинаның жерин аралап Досан,
Шадықуррамлықта өтти нешше күн,
Өмир өтип атыр қызық орасан,
Бирақ миймаң ушын бүгин соңғы түн.

Ертең қайтпақ болып елине Досан,
Борис хошласыўға берди зыяпат.
Келди қоңсы-қоба, жора тум-тустан.
Мийман болса баўыр басар адамзат.

Таңның алды Украина уйқыда,
Днепр бойында есип жыллы жел.
Турмыс тыныш. Халық таңда уйқыда,
Рәҳәт қойнында жатыр қалың ел.

Таңды айырып жалт-жулт еткен жалынлар,
Күн батыстан лаўлап кетти бирден от.
Адам жаўы қанға жерик қасқырлар,
Зорлық пенен басып кирди жаўып оқ.

Тоғайлар, далалар, жайлар арасы,
Қара түтин болып қапланды турды.
Дүнья жүзин дүбирлетти кекли сес,
Ғарры-кемпир, нәрестелер наласы.

Урыс қызды, от лаўлады, бурқыды,
Миллион жанлар жазийрада берди жан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Снаряд, бомбалар жерди жулқыды,
Үйге қайталмады Досан, Гүлпаршын.

Екеўинде қалды дослар елинде,
Халыққа қуўат қосып қанлы майданда.
Қорған болып Украинаның жерине,
Пүткил халық қозғалды жыртқыш ҳайўанға.

Жер өртенди, жай өртенди лаўлады,
Жаўыз фашист гүнасыздан алды жан.
Москвадан радио жаңлады,
Урысты еситти пүткил жер жаҳан.

Хошласа алмай қара түнниң ишинде,
Жаўға қарсы атланысты адамлар.
Қалың тоғай қорған болып кешинде,
Днепр бойында ағылды қанлар.

Борис, Досан жарақ алып қолына,
Қан майданға жулдыз болып ағылды.
Гүлпаршын, Таня қыз гүрес жолына—
Басын тигип жүректе кек жағылды.

Урыс қызды, қан жосыды, өтти жаз,
Гүзде өтти, қалың суўық қыс жетти.
Жыллы жаққа қайталмады ақ қуў, ғаз,
Қанхор фашист жаўызлықты үдетти.

Қан кешип жүр миллион-миллион азамат,
Қан кешип жүр мың-мың болып қыз-жаўан.
Баўырман ел бириктирип күш-қуўат,
Ана-Ўатан ушын аямады жан.

Досан Днепрдиң бойына кетти,
Қабыл алды Борис пенен партизан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлпаршын, Таня қыз, азаплар шекти,
Еки қызды тутты фашист сол заман.

### 4

Қызыл шунақ, қара суўық қақаман,
Ай далаға ақ түйедей шөккен қар,
Аппақ қарды бояғандай қызыл қан,
Дүбелей даўыл айдарҳадай ысқырған.

Қара шашлар қызыл қанға боялып,
Ақ денелер тилким-тилким таяқтан.
Естен танып, базда еслер жоғалып,
Азап көрди фашист атлы саяқтан.

Қараўытты жарқыраған ақ маңлай,
Алма бетлер аўырлықтан қалқыған.
Жүзлер сулыў еди—шолпан атқандай.
Қара суўық қызыл жүзди қарпыған.

Тилинген, сылынған бадам қабақлар
Ойнақлаған көзлер нуры өшкендей.
Талақтай көгерген искен ериилер,
Мийи мең-зең, толқын суўлар көшкендей...!

Қыз киятыр, мың тирилип, мың өлип,
Қула дүзде жалаң аяқ қар басып.
Сыр ашпады ҳеш ўақытта сөз бөлип,
Ҳеш биреўге асылмады жармасып.

Узақ жүрди жолда талай сүринди,
Сүринди де өзи турды қәҳәрли.
Фашист жаўыз қасқыр болып көринди,
Таңнан аман шығып көрди жаҳанды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дар таярлап Днепрдиң бойына,
Ақ қайынға қанлы арқан байлады.
Келмесе от берип елдиң жайына,
Халықларды ериксизден жыйнады.

Гүлпаршынды көрип жыйланған халық,
Қайғы матам менен қапалар шекти.
Барлық халық партизанлар аталып,
Жанға жан алдында, қанға қан төкти.

Дар астында қара көзли сулыў қыз,
Түси өзгерген айдай еди жамалы.
Әтирапта партизан мысалы жулдыз,
Әсте еспекте дур қыстың самалы.

Таня зорға қашып жаўыз фашистен,
Партизанға хабар берди сол заман.
Көпшилик таяр тур, күш қосып иштен,
Гүлпаршынды алып қалмақшы аман.

—Асыңлар! деп буйрық берди фашистлер,
Партизанлар жулдыз болып ағылды.
Қызды саўаш жеңип шықты күшлилер,
Фашист қашты. Халық ўәдеден табылды.

Фашистлердиң ойран болды бәршеси,
Көздиң қарасындай Гүлпаршын аман.
Умытылмас сол бир түнниң кешеси,
Гүлпаршын жай тапты емлеўханадан.

5

Гүз думаны яңлы гүңгирт көз алды,
Аўыр ҳалда госпиталда Гүлпаршын.
Қарақалпақ ели узақта қалды,
Түсте көрди Кегейлиниң арнасын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлпаршынның көз алдында ата-ана,
Көз алдында гөззал Әмиў бойлары,
Врач, сестралар болып мәрдана,
Гүлпаршынды жазыў ақыл ойлары.

Көз алдында—курбы-қурдас, жигитлер,
Көз алдында—ата мәкан Шымбайы.
Көз алдында—пахта, гүмис шигитлер,
Көз алдында—Қаратаўдың шыңлары.

Көп ай жатып госпиталда Гүлпаршын,—
Жазылды да партизанға қосылды.
Қуртыў ушын фашистлердиң ордасын,
Жаўынгер боп жаў жарақлар асынды.

## 6

Тағдир тағы басын қосты досларлың,
Жаўдан алыў ушын ызалы кекти.
Жаўға қарсы күши тасты жаслардың,
Жеңиске жоллады жаслық жүректи.

Түнерген түн шуўлап атыр, тумлы-тус,
Көк аспанда жалт-жулт етип тур жулдыз.
Тоғай иши ҳеш ўақ емес тым-тырыс,
Жаўға қарсы жылжымақта еки қыз.

Қалың тоғай фашистлердиң штабы,
Мыңлап адамлардың шапқанлар басын.
Фашист—жаўыз, халқымыздың душпаны,—
Деп киятыр Таня менен Гүлпаршын.

Жылжып жүрип төрт тәрепин штабтың,
Барлығында коймай барлады көрди,
Өзлерин тасалап ишинде жаптың,
Граната менен жартып жиберди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күн темир жолды буздылар таслап,
Бир күн фашистлердиң өртеди жайын.
Бир күн фашистлердиң басшысын услап,
Бәрқулла жаўлардың тапты қолайын.

Бәржай етип партизанлар буйрығын,
Тынышлық бермеди фашистке ҳасла.
Фашистлерден алды жүректиң дығын,
Миналар орнатып таў, тоғай, тасқа...!

7

Ленинград, Сталинград аймағы,
Азат болды фашистлерден мәңгиге.
Желбиреген уллы жеңис байрағы,
Дослық пенен бахыт берген өмирге.

Басып жулып келип еди фашистлер,
Қуты қашты аяғында қансырап.
Бағымызға кирген буралқы ийтлер,
Мақсетине жете алмады жансырап.

Жеңилди де жеги қурттай қырылды,
Өлилери қалып қойды таў, таста.
Тарийхында туңғыш көрди қырғынды,
Зар жылап ант ишти тиймеўге басқа.

Армия атланды Берлинге қарай,
Оқлар жаўды, суўдан, жерден, аспаннан,
Катюшаның атқан оғы жарқырап,
Кем болмады океанлар тасқаннан.

Лийкин жақынлаған шақта Берлинге,
Фашистке қозғалды ең соңғы селтең.
Ер Армия қатты соққы бергенде.
Мәртлик, дослық пенен күшлер болды тең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Батысқа Берлинге жол түсип оңай,
Фашист жаўыз қуры қарап қалмады.
Жол бойы таў-таслақ, салма менен сай,
Досанның жалғыз оқ басын жалмады.

Берлинге жақынлап барған ўағында,
Армиялар менен бирге Гүлпаршын.
Тосаттан атасын көрген шағында,
Дизесине қойды атаның басын.

Жаўынгер Армия Досанды бирден,
Жерлерде залып пенен атты мылтықты.
Досанның қәбирин толтырып гүлден,
Гүлпаршын жүректе сақлады дықты.

Атадан айрылып жылап Гүлпаршын,
Ыза кеги менен атланды тағы.
Жаҳанды жаңлатып мәңги орнады.
Берлиниң үстинде жеңис байрағы.

8

Урыс тамам болды, тыйылды қанлар,
Жеңис пенен қайтты Гүлпаршын елге.
Иске асты әрман еткен қыяллар,
Таня қызда келди, жасайды бирге.

Гүлпаршын—муғаллим, муғаллим—Таня,
Бири рус тили, бири тарийхтан.
Әўладлар таярлап келешек таңға,
Алғыслар алып жүр уллы халықтан.

*4-май 1984-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫДЫРБАЙ САЙПОВ

*поэма*

### 1

Сени еслесем гүллер тергим келеди,
Музейлерге барып көргим келеди,
Егиз киби бирге жүрген күнимди,
Жас әўладқа айтып бергим келеди.

Киши пейил, ақ көкирек мүлайым,
Көргенде ашылар кеўил сарайың.
Каршадайдан касымда еди, Қыдырбай,
Жүрек сүйген жас өмириң жазайын!

Жаздың күни желпиген жел, жипек жел,
Жанға рәҳәт бағыш етер биймәлел.
Биз жүриппиз аймағында Аралдың,
Қыдырбайдың, ата-анасы болған ел.

Ырғалысып басқан жердиң бөлегин,
Атызларда алтын масақ, мол егин,
Тәбияттың, түнги сулыў көркине,
Ышқы кетип, шулғып турды жүреги.

Үндемейди ақыл-ҳуўшы далада,
Көз нышаны сайлар менен салада,
Көзге ысық көрингендей көркемлик,
Есине бул уллы елес сала ма?!

Базда турып қалып, узақ ойланып,
Базда әтирапқа қарап урланып,
Базда көкти, әл аспанды гөзлейди,
Жас бүркиттей ушпақ ушын қомланып.

Айдын шалқар Аралды да шарлайды,
Ақ жал толқын арғымақтай ҳарлайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўзақ-узақ, булдыр-булдыр көринген,
Төбелерди, бийиклерди барлайды.

Жас кеўили тыным тапбай талпынып,
Турған яңлы кесте сызық тартылып,
Бағлар көзге бууўдақ-бууўдақ көринер,
Гүжимлер тур жапырақтан „жүк“ артып

Мәңги ашылды, ел тилеги, ел бахты,
Көзи тоймас көрип турған елатты,
Түн тәбият түрли түске бөленип,
Қулпы дөнип көринип тур ай жақты.

Асқар ғаўлар әлўан-әлўан қабатлы.
Қызылланған қырман яңлы қымбатлы.
Ақ қағазға түсирсем деп барлығын,
Ойланады сулыў жигит сымбатлы.

Бағ ишинде өсип турган бир гүлдин,
Шақасында сайрап турған бүлбилдиң,
Бәри тур ғой қыл қәлемниң ушында,
Керегиндей шайырдағы бай тилдиң.

Сөйлер еди Қыдырбайда қыл қәлем,
Күндей күлип турғандай ақ бар әлем,
Дер еди ер;—бул дүньядан мол дәмем,
Шайырлардай шешен болып туўылсам.

Қыял етип бузбай сулыў сайранын,
Аралады сала менен сайларын.
Сол жүргенде аймағында Аралдың,
Билип алдым жүректеги әрманын.

Көзди тартқан көркем сулыў даланың,
Тыңға орнаған әлўан-әлўан қаланың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Терең ойлап өткен, келер өмирдиң—
Көзим көрди сүўретлерин салғанын...

2

Өрнекли ер—уллы өмирдиң өринде,
Тебиренип турған елдиң жеринде.
Қыдырбайға тағы талай жолықтым,
Отыр екен театрдың төринде.

Сағынғандай сахнаға қарасам,
Сулыў көринис тартқан екен орасан.
Жанып, күйип жуўап берди баўырым,
Бунның не деп Қыдырбайдан сорасам:

—Анаў Арал, мине Ерназар қорғаны,
Мәртлик пенен болған елдиң қурбаны,
Мынаў таса, Қутым суўпы жүрер жол,
Оқ толтырып асып жүрген дорбаны.

Тап усыман Ерназарды атқан жер,
Ел перзенти жер қушақлап жатқан жер,
Ерназар, Кенегес, Қутым қанхордың,
Алтын ушын абырайын сатқан жер.

Мынаў Әмиў, әне жайы Хийўаның,
Қан сасыған тахты турғандай ханның,
Тарийх жылнамасы сөйлеп турыпты,
Суў болып төгилген халықтың қаны.—

Деп Бердақ пьесаның макетин дүзип,
Кемисин толтырып, артығын гүзеп.
Сахнаның устасы, шебер Қыдырбай,
Талантын көрсетти барынша безеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атаның сақалын, ананың шашын.
Бабалардың оқып, дәстүр-мурасын,
Ақыл ойы менен бирдей дүзетти,
Жаңа жайлар менен ески қорасын.

Қанша липас пишти қыз, жаўанларға,
Қолаң шаш қолайлап сүйикли ярға,
Бес бармақтай билер еди дәстүрди,
Қыдырбайда исленбеген зат барма.

Қызлар пери болды липас ораныџ,
Сахнаға шықты ойнап, доланып,
Қызға—кийим, кийим—қызға жарасып,
Тамашагөй қызық көрди таңланып.

Қыдырбай қолынан қулпы гүл өнди,
Сахнамыз сулыўланып гүлленди,
Ар-намыслы улды, тасқын талантты,
Халық умытар ма сүйикли улды...

3

Бүгин майдың беси күни-кешеси,
Хәр күн дийдарласыў достың пешеси,
Қыдырбайдың жайын ҳәмме биледи,
Нөкистеги „Өзбекстан" көшеси.

Менде усы жайға келемен тез-тез,
Хәр келгенде дослар менен болып гез,
Ортаға салынып өмир дәстаны,
Хәр тәрепли болып айтылады сөз.

Қыдырбайдың Жуман туўған ағасы,
Жуман жақсы адам ҳеш жоқ баҳасы,
Киши пейил, ақ көкирек, ҳасыл жан,
Жайлағаны Арал теңиз жағасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуман жастан Қыдырбайдың панасы,
Мисли кишкентайдан ата-анасы,
Қыдырбайды жаслайынан оқытып,
Өссин деген уллы тилек санасы.

Қапа бол ма жан бауырым, күндей күл,
Усы басқан дос душпанды таный бил,
Қыдырбайды баласындай сақлады,
Жандай сүйген жан жеңгеси Орынгүл.

Жас басынан тәрбиялап өсирди,
Кийиндирди, қолдан паллар иширди,
Қыдырбайды туңғышындай әлпешлеп,
Еркелесе балалығын кеширди.

Қыдырбайдың өсип сезим санасы.
Өрнек болды өмириниң саласы,
Ташкенттеги устазларға таныльп,
Өсип шықты Қарақалпақ баласы.

Бир күн еди өмиримниң бос күни,
Тап усы күн кеўилимниң хош күни,
Қыдырып бардым Қыдырбайдың үйине,
Қуўаныстық келген яңлы қос күни.

Апақ-шапақ болып қалдық сөйлесип,
Сөзлер кетти бир бирине үйлесип,
Ҳәр сапары алтын сандық ашылар,
Бурыннан ақ жүрек кеткен жүйлесип.

—Жолмурза аға,—деп сөз баслап Қыдырбай,
Иркилди де қалды соңын айгалмай,
Неге екенин билмей мен де қысылдым,
Деди—бүгин шықтым ҳешбир жаталмай...?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Не боп қалды, саламатлық саўлық па?!,
—Көзим түсти бир қызылша жаўлыққа...!
—Қарағым-аў, таныстың ба бурыннан,
—Өз-өзиме деп жүрипбен ҳаўлық па!

—Аты жөнин болар ма екен билиўге?!
—Бир ўәдени қойып едик бүгинге!
—Нөкисте ме, қызалақтың аты ким?
—Аты Зәўре, қайыл өмир сүриўге!

—Онда бизлер Жуман менен барамыз,
Қашық емес усайды ғой арамыз,
Зер қәдирин зергер билер деген бар,
Жазылады жүректеги жарацыз!

...Өмир ушын ойласыққа тарттық биз,
Ғаўырласып бардық, сырды айттық биз,
Мийрим шәпәәтли болып маўаса,
Қыз үйинен қуўанысып қайттық биз.

Көпшиликке көрингендей бой болды,
Барлық доста жақсылыққа ой болды,
Зәўре менен Қыдырбайжан қосылып,
Халық алдында туўысқанлық той болды.

Сазшы жигит дуўтарларын қолға алып,
Ойыншы қыз жылўа-назды қолланып,
Тамаша той таң қалдырып халықты,
Тойда мен де қосық айттым қуўанып.

Бир-бирине боп екеўи жанажан,
Ерли-зайып өмир сүрди жаңадан,
Сүйген жүрек салтанатлы күн көрип,
Еки жас жан жасай берди меҳрибан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Ой қыялы мәнзилине жете алмай,
Ой толқыны менен түнде жаталмай,
Өткен әсир, өртенген жер, өртли ел,
Көз алдына келип турар қатарлай.

Өткен өмир, ата баба, анамыз,
Узақ болсадағы дәўир арамыз,
Салыў ушын өткен өмир сүўретин,
Қыл қәлемди бирден қолға аламыз.

Өз үйинде устахана ишинде,
Усы быйыл Июль айдың ишинде.
Талўасланып толғанады Қыдырбай,
Уллы ойда күндиз бенен кешинде.

Көз алдында елеслейди Посқан ел,
Тентиресип зарды зарға қосқан ел,
Маңлай сыйпап жарқырарлық заманды,
Талўас етип атар таңды тосқан ел.

Көз алдында Жийен жыраў, Күнхожа,
Хан патшаға ериксизден қул Қожа,
Ели менен ериксизден бир посқан,
Дәстан жазған халқы менен зарлана.

Теңизлерде толқын басса суў бетин,
Үйрек, ғазлар ийелейди көл шетин,
Бир күнлери жазыўшылар жайына,
Алып келди Күнхожаның сүўретин.

Түнерген түнектен бир шырақ қылып,
Әдебият өмирине бай қылып,
Таўап етип Күнхожаның сүўретин,
Көрген адам қалды бирден жақтырып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тағы ой туўып усы жылдың гүзинен
Илҳам алып ҳәрбир айтқан сөзинен,
Ай нурында Әжиниязды еслейди.
Сулыў сүлдер бир-бир ушып көзинен.

Уйқлағанда түси болды Әжинияз,
Сөзлериниң басы болды Әжинияз,
Әжиниязды дуйым журтқа танытпақ,
Ойларының ең ҳасылы Әжинияз.

Сайран етип кийигиндей даланың,
Талай сызды тилегиниң талабын,
Жыл жылысып айға айлар алмасты,
Жаға алмады ойындағы шырағын.

Қайта-қайта сызды, жыртты қағазды,
Басынан кеширди бир нешше жазды,
„Боз атаў“ дың қатарында қалдырмай,
Базда қосық айтты қолға алып сазды.

Алып жигит ақ жүзли ғой Әжинияз,
Мәрт қаҳарман бир сөзли ғой Әжинияз,
Ҳәр қосығы жан жүреги адамның,
Ашық көўил, нур көзли ғой Әжинияз.

Жақсы билген ел дәстүрин кел-кетин,
Сөзи жаўға тийгизбеген ел шетин,
Өзи сулыў, өзи дана, шайырдың,
Дүзиў керек азаматлық келбетин.

Түнде уйқламас қос қабағы бир исип,
Баз ўақытта арқа мойны бүрисип,
Ойланыўдан азып кетти Қыдырбай,
Анда-санда аўқатын да аз ишип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жас жүреги толқынады, туўлайды,
Туўлағанда қос қулағы шуўлайды,
Әжинияздың түри-түсин елеслеп,
Титиркенип тула бойы жуўлайды.

Көк теңизде қайнаўытта қундызлар,
Суў жүзинде жалт-жулт етер жулдызлар,
Ашық болып Әжинияздың жүзине,
Дүркин-дүркин өтип кеткен көп қызлар...!

Қандай екен қызлар сүйген дийдары,
Жазық маңлай, жыллы жүзли жайдары,
Хийўа менен Қазақстан, Орынбор,
Шайырымның қәдем қойған жайлары.

Барған жери туўғанындай сыйлаған,
Талпынғанда туўысына сыймаған,
Еңиренип ериксизден ел гезип,
Ҳәр бир елдиң гәўҳар сөзин жыйнаған.

Өмир гилти излегени ерте кеш,
Не сулыўлар қыпша белли, сүмбил шаш,
Әжинияздың ҳеш кемисин табалмай,
Айтысқанда жеңилипти қыз Меңеш.

Тәриплеген гөззаллардың гөззалы,
Оған ашық болған не бир нәзәлим,
Арнап жазып алтын сөзин халқына,
Өлгенинше жырлап өткен өз елин.

Бас қатырып үш жүз алпыс күнинде,
Уйықламастан талай күтти түнинде,
Барлық ойы, ақыл-ҳуўшы берилген,
Айтар сөзи Әжинияздың жөнинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рәң-бәрең бояў кисти қолға алып.
Бир ойынан бир ой туўып жаңарып,
Ақырында Әжинияэды тапқандай
Сүўрет салды, иси кетти оңланып.

Жас сүўретши ашып тарийх томларын,
Талант пенен нурландырды таңларын,
Өтмиштеги бабаларға жан берип,
Ериткендей қыстың қатқан тоңларын.

Жан баўырым өзи еди өнерпаз,
Жанды сүйген жадыраған кеўли жаз,
Қайта дөреп бизиң жаңа заманда,
Биз бенен бир Күнхожа ҳәм Әжинияз.

...Мың тоғыз жүз жетпис екинши жылы,
Октябрь айының жигирма бири,
Қыдырбай биз бенен мәңги хошласып,
Ерте қазан урды бағында гүли.

Сол күни ядымда зарлы үн шыққан,
Қап-қара булт қаплап аспан туншыққан,
Даўыл уйтқып, жаўын турды силпилеп,
Булт артына жасырынды күн шықпай.

Ҳақыйқатлық азаматтың тиреги,
Урпақлары аман болғай, тилегим,
Өзи өлген менен иси өлмейди,
Жақсыларда Қыдырбайдың жүреги.

*Январь, 1982-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

### қосықлар


Улым тыңла . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Сулыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 4
Қыстың сүўрети . . . . . . . . . . . . . . . 5
Фронтган хат . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Қосылып жаўды қуртайық . . . . . . . . . . 6
Урыс питти . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
Тоқылдақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Ўатан ышқы . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Орайым алтын бостаным . . . . . . . . . . 9
Ашықпан . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Жайлаўдағы қыс . . . . . . . . . . . . . . 11
Шайыр анты . . . . . . . . . . . . . . . . 11
Қарақалпақпан . . . . . . . . . . . . . . . 12
Жаным қурбан туўысқан қазақ елине . . . . . 14
Миртемирге . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Даладағы таң . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Анажан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Ақшаның көли . . . . . . . . . . . . . . . 17
Алтын қум . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Елликқала бәҳәри . . . . . . . . . . . . . 18
Шымбай ғаңы . . . . . . . . . . . . . . . 19
Ақ булақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Тырналар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Көринди . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Шайыр ҳаўазы . . . . . . . . . . . . . . . 22
Қар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Айрылмасын . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Шынар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Ақлығымның аты Асқар . . . . . . . . . . . 27
Жетпис жастың желиси . . . . . . . . . . . 28
Өмир өткеллеринен . . . . . . . . . . . . . 30




www.ziyouz.com kutubxonasi

Бар мениң . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Болар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Бердақтың естелигине . . . . . . . . . . . . . . 33
Жасларға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
Ақ сүт берген ананды . . . . . . . . . . . . . . 36
Өзбек пенен қарақалпақ . . . . . . . . . . . . 37
Көк шинель . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Барлық өмиримди елге берейин . . . . . . . .
Ақлықларым—шаўлықларым . . . . . . . . . . . 40
Айып . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Өмир ушын от болып жан . . . . . . . . . . . 41
Кәрўаны болар . . . . . . . . . . . . . . . . 4
Жасаған сайын . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Ғаррылық . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Сөйле, бүлбил . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Бахыт бар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Өмир шайдасыман . . . . . . . . . . . . . . . 45
Жүз жасты гөзлер . . . . . . . . . . . . . . 47
Бозатаў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Берунийдиң бәҳәри . . . . . . . . . . . . . . 48
Ақ қуўлар ушып киятыр . . . . . . . . . . . . 50
Қызларым . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Қоян . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Алмадан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Сыйласын . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Сексен бестиң сайраны . . . . . . . . . . . . 54
Заман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Нәсият . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57

## Поэмалар

Гүлпаршын . . . . . . . . . . . . . . . . . . 65
Қыдырбай Сайчпов . . . . . . . . . . . . . . 75



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолмурза Аймурзаев

# УЛЫМ, ТЫҢЛА!

*Қосықлар ҳәм поэмалар*

Қарақалпақ тилинде

Балалар ҳәм жас өспиримлер бөлими

„Қарақалпақстан" баспасы

Нөкис—1996

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редакторы *Алмагул Ешмуратова*
Қарап шығарған *Көбейсин Ерназаров*
Художниги *Исмайыл Қыдыров*
Худ. редакторы *Уайис Ережепов*
Тех. редакторы *Кеңесбай Бекниязов*
Корректоры *Гүлжан Турымова*

ИБ 1849

Териўге берилген ўақты 2.01. 1996 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 10. 02. 1996ж. Қағаз форматы 70х90¹/₃₂ Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 2,75 баспа табақ 3,22 шәртли баспа табақ 3,14 есап баспа табақ. Жәми 2000 дана. Буйыртпа 164. Баҳасы 20 сўм

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi